Chinangwa Chakapetwa Katanhatu Chekushanya KwaGabrieri Kuna Dhanieri

Asi ndashamiswa kwazvo ne. . . vechidiki vedu mangwanani ano, vadiki, munoziva, vadiki vana "fefe" na "fifi," vadiki, ivo, munoziva, vane gumi nematanhatu. Zvino vanouya muchechi, munoziva, nezve. . . Vasikana vadiki, vangangoita vezera iroro, vanoda kutaridzika kuve vakanaka, munoziva. Ivo, munoziva, vhudzi rakamonwa-monwa, pamusoro pemisoro yavo; Ndavacherechedza, pandange ndichiparidza, richingoramba richiyerera pasi, richiyerera pasi. Uye, mushure mechinguva, vazonge vave kurifuridzira kumashure vachiribvisa kumeso kwavo, bvudzi rakamonwa-monwa ratwasuka rose.

2 Mwanasikana mudiki waHanzvadzi Downing, uye—uye ndamucherechedza. Nemudiki—mudiki—mudiki. . . mudiki waHama Collins. . . Zita rake ndiani? Mudiki. . . [Imwe hama inoti, "Betty."—Mupepeti] Betty, Betty mudiki. Ndaita sekungoseka zvishoma, ndega. Asi ndaona runako rwese, munoziva, zvese zvakagadzirwa zvakanaka, zvino pakare ipapo zvaive. . .

3 Zvakanaka, moyo yenyu ngairopafadzwe, mudiwa, wakanaka, kwandiri, zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. *Runako,* ndirwo, ndiwo mweya wakanaka unouya wogara mumisangano saizvozvo, woteerera kuEvhangeri. Ndizvo zvinoita kuti musikana ave nerunako. Uye ndinofunga kuti chero mukomana chaiye, akakodzera kuroora, anofunga zvimwe chetezvo. [Hama Neville vanoti, "Ameni."—Mupepeti] Mazvita, changamire. Zvakanaka izvi. Mumwe munhu abvumirana neni. Kuti, ndizvozvo. Zvakanaka. Ndinotenda kuti ichocho iChokwadi.

4 Zvino hazvishamise here? Ndavhura chaipo pana Dhanieri 9 pandavhura Bhaibheri rangu. Zvino, ndinowanzoudza munhu wese, kuti vasabvise bhachi ravo, vane buri mushati yavo, saka ndine tariro yekuti yangu haina. Asi—asi ndakaona nguva apo ndakatadza kuribvisa, paine buri mushati, chokwadi chakakwana. Uye ndinofungidzira kuti iyi haina.

5 Zvino, oo, zvangu pachangu, isu. . . uye ndinotenda kune ungano, tinoyemura Hupo hweMweya Mutsvene mangwanani ano.

Uye tinoyemura kuyanana nehupo hwemumwe kune mumwe. "Zvinotapira sei, zvakanaka sei, zvinofadza sei, kuti hama dzigare pamwe chete muhumwe. Zvakafanana nemafuta ekuzodza anokosha anoyerera achidzika nendebvu dzaAroni, kunosvika kumipendero yehanzu yake."

6 Ndaenda kunodya nhasi, uko kuBlue Boar, uye ndiani wandasangana naye ikoko asi Hama Bill ava, naHanzvadzi Dauch vagere apo, vachingo—vachingodya havo imwe yehuku inotaridzika, kuti yakakangwa zvepamusoro-soro yandati ndamboona, uye vachingova nenguva yakanaka, vachidikitira nekuda kwayo, munoziva. Ndaenda kuimba yekumusoro ndokusangana nechikamu chikuru chechechi kumusoro ikoko, uye vanga vachida kutondibhadharira kudya kwangu kwemasikati. Zvino, izvozvo zvanga zvakanaka chaizvo, ndinozviyemura.

7 Pandasvika kumba, heuno Billy auya nebhokisi remadomasi iro randaunzirwa nemumwe munhu, achibva nzira yose kunzvimbo iyoyo yakanaka, inotonhorera yeGeorgia zasi ikoko, uko kunotonhorera kwazvo zasi ikoko, vanondiudza, panguva seino.

8 Ndokubva, ndasangana nemumwe muchinda mudiki panze. Ndanga ndichibuda kubva muhurukuro dzangu, masikati ano, ndichiuya zasi kuchechi inenge awa nehafu yapfuura, uye mudiki . . . akaita semuchinda wechidiki, kunze, ati . . . Ndati, "Kuri kupisa."

Akati, "*Zvedi* kuri!" Ndaziva kuti anobva kuGeorgia, saka ati, "Chokwadi kuri kupisa zasi kuGeorgia!"

9 Saka, tiri kuedza kutiza nzvimbo inodarika pakupisa, hatisi here? Ndizvo zvatauira pano.

10 Maita henyu chaizvo, shamwari, nehunaku hwenyu hwese. Ndaizoitei pasina imi? Chingava chii—chii chandaizoita pasina imi? Dai ndisina munhu anondida, pasina munhu aiteerera kuMharidzo, Mharidzo yangu yese yaishaya basa zvachose. Handikwanise kuIparidza kumapango enhare uye nemiti. Hazvaimbozvinzwisisa. Saka vanofanirwa kunge vari vanhu vakaita semi mese, vanozouya uye vachizviteerera. Zvino pamunouya mogara munzvimbo inopisa seino, uye kuri . . . Mudzimai wangu ati aita seachatsva kumashure uko, mangwanani ano. Uye kuona vanhu, uye dzimwe nguva vanhu vanorwara, vakagara mumisangano iyoyo zvakadaro, Mwari vakupei musha wa—wakanaka, unoyevedza muKubwinya, ndiwo munamato wangu. Uye ndinongotarisira nekuvimba kuti Vachaita izvozvo.

11 Zvino, ngatione. Bhachi rangu, mumwe munhu aenda naro neche uko. Zvino ndinofanira kuti verengei zvishoma manheru ano. Vangani vari kunakidzwa nezvikamu zvekutanga zveizvi? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Oo, dai kwanga

kusiri kupisa zvakanyanya, taingoramba tichienderera mberi, nemuvhiki rose chairo, nebhu—Bhuku raZvakazarurwa. NdinongoRida. Ndinongogara hangu maRiri. Uye imi itai, tingati, kuitira ini, vhiki rino, nekuti Svondo inotevera ini . . . Ishe vachitendera, ndinofanira kusangana nazvo, ndichiisa mavhiki iwayo pamwe chete. Uye ndicho chimwe chinhu chandisiri kuziva kana chinhu nezvacho. Uye saka ndichangovimba naShe kuti Vachava nemhinduro kwandiri.

12 Uye nda—ndakaverenga varume vakasiyana-siyana va—vakataura nezvazvo, avo vakanyora nezvazvo. Ndakaverenga zvinyorwa zvemuzasi pano, zvaChiremba Scofield, mudzidzi mukuru, asi zvirokwazvo handina kukwanisa kubvumirana navo, pane zvinyorwa zvavo zvemuzasi zvakawanda, nekuti handisi kukwanisa kuzviona. Uko . . . Zvinofanira ku—zvinofanira kugadzirisa mufananidzo wacho zvakanaka.

13 Zvino, kana waive uri kurongerera panzvimbo zvidimbu zvemufananidzo zvakavhenganiswa pamwe chete, uye chinhu chekutanga unoziva, unoti, "Oo, ichi chinoenda kumusoro *kuno*. Kwete, ndine chokwadi chekuti ichi chinoenda kumusoro *kuno*." Saka, unofanirwa kutarisa neche kuno papatani yako, kuti uone zvauri kuita. Uyezve kana uka—kana ukasadaro, uchaita kuti mufananidzo wako unge wakavhengana-vhengana wese.

14 Zvino ko kana waifanira kutora . . . uine mufananidzo wenzvimbo yekumaruwa huru, yakanaka, uye paine mombe ichifura huswa iri pamusoro pemuti? Zvino, izvozvo zvinenge zvisiri izvo (handiti here?), nekuti haifure huswa pamusoro pemuti. Saka, ndiyo nzira yazviri kana, iwe, Mweya Mutsvene ukasaisa Rugwaro irworwo pamwe chete. Ipapo, wava nemufananidzo mukuru wakazara, werudzikinuro. Ndizvo zvatinoda, Chokwadi. Uye kusvikira taziva Chokwadi, tichangozvisiya zvakadaro. Uye zvadaro, kana Mwari vatipa Chokwadi, saka, ipapo ndichazotaura nezvazvo.

15 Munozivei? Ndinofungidzira Hama Roy Slaughter ne—nevamwe venguva dzakare pano, vakatanga kumashure-shure uko kare-kare . . . Paive neangaite, ndinofungidzira, makore matatu kana mana ekutanga kweshumiro yangu, ipo pano patabhanakeri, Ndaisatomboparidza nezvenyaya yegehena, nekuti nda—ndaitadza kuziva kuti yaiva nzvimbo inobvira here, kana kuti raive guva. Uye nguva dzese Shoko parakataura kuti, *guva*, ndaiwana dudziro, yakanzi, "*Hadhesi*." *Hadhesi* ndiro "guva." Nguva dzese paRaitaura nezve gehena, "*Hadhesi*, guva." Zvino ndakangozvisiya zvega kusvikira ndanyatsoziva zvandaitaura nezvazvo, ndokubva ndazoparidza nezve gehena, saka pandakanyatsowana mufananidzo wacho wese uye nekuona pazvaiva. Nekuti, ndinonzwa kuti mushumiri ane mungava kuna Mwari, izvo zvaanotaurira ungano iyoyo, nekuti vari kuzobatirira chaizvo pane izvozvo. Uye saka, zvakare, ko kana ndakavaita kuti vabatirire panzvimbo isiri iyo, uye ipapo

nguva inozouya apo kubatirira ikoko hakuchakwanisiki kumira? Maona?

Uye muchiratidzo icho Ishe chavakandipa, imwe nguva yapfuura, apo mamiriyoni aye . . . apo Uyo aitaura neni, akati, "Uchazotongwa, kutanga, neVhangeri raunoparidza."

16 Ndikati, "Ndinoparidza zvimwe chete zvakaitwa naPauro, nevamwe vese."

17 Uye mamiriyoni ese iwayo emanzwi akadanidzira, "Takazorora pazviri." Ndizvo zvazvaiva. Maona? Ndizvo.

18 Saka ndinoda kupfuurira mberi manheru ano, zvino, kuti tisatore nguva yakarebesa. Uye musakanganwa zvino . . . Zvino, mangwanani ano . . . Ndine zvinyorwa zvidiki pano. Mangwanani ano ndataura nezvaDhanieri ari muhutapwa, Gabrieri achiuya kwaari ndokumuraira pane ramangwana. Ndizvo zvatava nazvo mangwanani ano, kurairwa pane ramangwana.

19 Zvino, manheru ano, tiri kutaura pamusoro pe*Chinangwa Chakapetwa Katanhatu Chekushanya kwaGabrieri Kuna Dhanieri*. Svondo inotevera, Ishe vachitendera, ndichaisa mavhiki makumi manomwe, panzvimbo yawo, muchikamu chenguva. Uye takamira papi? Zvino, dai tikangogona chete kuzviwana nekuzviita kuti zvive zvechokwadi, zviri izvo chaizvo, ipapo tichazoziva nguva yacho yatiri kurarama. Zvino, hatizombozivi kuti Anouya riinhi; hapana achaziva izvozvo. Jesu haazvizive, pachaKe. Akati Akange asingazive. Akangoti Baba chete, vega, vanozviziva. Kunyange Vatumwa havazvizive. Hapana mumwe wedu anoziva kuti Vanouya rinhi, asi tinogona kutaura ngu—nguva iyo . . . nguva yatiri kurarama, tichiziva chete kuti tinogona kuva taswedera pedyo zvakadii.

20 Zvino, kuti dzokerei kumashure zvishoma, nekuti vakomana vari kutora matepi eizvi . . . Michina iri kumhanya kumashure mukamuri. Uye matepi, hongu, anotumirwa kunze, kwese-kwese.

21 Zvino, chidzidzo chamangwanani ano, mushure mekunge taongorora zvakare pachitsauko 4 ne 5, ndokubva tanamatira . . . kutanga nechitsauko 9 chaDhanieri. Uye zvino, manheru ano, tiri kuenderera mberi nechitsauko 9. Tisati tasvika pachiri, ngatimbokotamisai misoro yedu kwechinguvana uye titaure neMunyori weShoko.

22 Mwari vedu vane nyasha, tine chokwadi chekuti Munoziva chinangwa chaicho chemoyo wedu. Munoziva kuti sei tiri pano. Uye Munoziva kuti hatina kubvira tauya manheru ano nekungoda kwekuti tafunga kuti yaizova nzvimbo yakanaka yekuuya, yekumbova takadekara hedu zvishoma masikati. Baba, handitende kuti pane munhu mumwe chete ari pano nekuda kwechinangwa ichocho. Ndinotenda kuti tiri pano manheru ano

nekuti takaperera zvakanyanyisa, takatendeka, uye tiri kuda kuziva ZVANZI NAJEHOVHA.

23 TinoKudai, Ishe, uye tinoda Shoko reNyu. Uye kana nzvimbo ino yaMakatipa, inongova denga pamusoro pemisoro yedu, nemazidhinha aya ekongiri, tinopa kutenda kwaMuri nokuda kwenzvimbo iyoyi. Nekuti, tinotenda kuti kune Musha uri mhiri kwedenga, uko kwatakananga nenzira iyoyo. Uye tinofunga nezve madzitateguru edu vasina kana kumbowana mukana uyu, uye zvinotiita kuti tikotamise moyo yedu nekunyara, Ishe, kutombonyunyuta chaiko.

24 Zvino, Baba, tinonamata kuti Muvhure kwatiri, manheru ano, Rugwaro. Huyai, fambai pamwe chete, padivi remumwe nemumwe wedu, patiri kudzika zasi nenzira ino manheru ano. Taurai nesu sezvaMakaita neavo vaienda kuEmausi, vachibva kuJerusarema. Kuti, kana shumiro yapera, manheru ano, tinogona kuenda kudzimba dzedu dzakasiyana-siyana uye toti, "Moyo yedu haina kutsva matiri here apo pataMunzwa achitaura kuburikidza neShoko raKe!"

25 Ropafadzai zvinoverengwa. Ropafadzai kushingaira kwangu kune hutera, Ishe. Vhurai muromo wangu kune izvo zvinova chokwadi, uye muuvhare kune izvo zvisiri izvo. Uye Zviwanirei mbiri, uye nekubwinya muvanhu veNyu, kuti vagone kuona nguva yatiri kurarama uye neKuuya kwaIshe Jesu kwaswedera. Nokuti, tinozvikumbira muZita raKe—raKe, Zita raJesu Kristu. Ameni.

26 Zvino, kudzokera shure neMagwaro edu kwenguva shoma, tinoona kuti Dhanieri anga ave muhutapwa kwemakore akareba makumi matanhatu nemasere. Pafungei! Zvino, iwe, uine bepa rako nepenzura, unge usina kuzvibata mangwanani ano, unogona kuzvibata manheru ano. Kubva muna A.D. 606 kusvika 538. Tora 538 kubva muna 606, une makore makumi matanhatu nemasere ayo Dhanieri aainge ari mu . . . nhapwa; pasina chechi yekuenda kwairi, pasina mharidzo dzekunzwa, pasina kana. Asi akange aine mamwe mabhuku, mamwe mabhuku ekupetera, ayo mumwe muporofita akamutangira ainge akaporofita, uye aiva—aiva Jeremia.

27 Zvino, ari kumunzvera Magwaro, akaona kuti nguva yave kupera, kuti nguva yemakore makumi manomwe . . . Dhanieri akatenda zvakaperera shoko rose rakataurwa nemuporofita Jeremia. Uye ndinoti kune iyi, kune kirasi yangu manheru ano: Tinofanira kutenda vaporofita vedu here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Hongu, changamire. Nokuti, Shoko raJehovha rakauya kuvaporofita. Vane ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino muporofita wechokwadi haazombotsauka achibva kune sho—shoko remumwe muporofita. Havambofi vakaRiita kuti ritaure chimwe chinhu chaRisingataure. Vanotaura chaizvo-chaizvo zvakataurwa nemuporofita wechokwadi, ndizvo

zvinovaita muporofita. Zvino kana vawana izvozvo, uye ipapo vanofanotaura zvichauya, vachiziva izvi, nekutya mumoyo mavo, zvichida vangazotaura zvisiri izvo uye zvozogona kutsautsa mumwe munhu. Hatimbodi kuita izvozvo. Tinoda kuva nechokwadi chemazvirokwazvo kuti tine Shoko raShe tisati tati ZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Rinofanira kunge riri mhedziso, shoko chairo rinobva paChigaro chehumambo chaMwari, kana kuti isu hatifanire kutomboritaura.

28 Zvino, apo ari mukunzvera Magwaro, akaona kuti makore makumi manomwe akanga ave kupera. Saka, iye ari ikoko kwemakore makumi matanhatu nemasere, kwasara makore maviri mune ramangwana kusvikira Mwari vaidzoreredza vanhu vaVo vachidzokera kunyika yekumusha kwavo.

Ari mumunamato, tinoona kuti paive neMutumwa mukuru akauya achibva Kudenga. Pane munhu anokwanisa kudana zita raKe here? [Ungano inoti, "Gabrieri."—Mupepeti] Gabrieri. Uye ndiYe Mutumwa kuchechi yechiJudha. Vangani vanozviziva izvozvo? Kwese-kwese, ndiGabrieri. Gabrieri ndiye mutumwa kuchechi, chechi yechiJudha; akauya kuna Maria; Akauya kuna Zakaria. Nguva dzose, ndiGabrieri. Uye ndiYe mumwe weNgirozi huru dzeKudenga. Zvino haAna here kuunzira Hama yedu Dhanieri kwaziso yakanaka kwazvo kubva kuna Mwari! "Oo, Dhanieri, unodiwa zvikuru!"

29 Hazvikuiti here kuti unzwe zvakanaka, kufunga kuti Mwari vanokuda? Dai ndisingadiwe zvakanyanya, ndaingoda kuziva kuti ndinoita sekudiwa zvishoma kumusoro Uko, haungadiwo here? Chokwadi. Sekungo . . . Vanofunga nezvangu, apa neapo, zvaizongondiita kuti ndingoda kudanidzira, kufunga kuti Vanotombori nehanyn'a neni. Uye tine kugutsikana kwekuti Vane hanyn'a nesu, nekuti, "Tichiri vatadzi, Kristu akafa panzvimbo yedu," hama. Uye, zvino, apo taive tiri vatorwa kuna Mwari, zvino akatiita kuti tiswedere pedyo kuna Mwari uye akatipa rubatso rweruponeso rwedu, rwunova, Mweya Mutsvene. Uye nekutenda imomo kunotisimudzira pamusoro pezvinhu zvenyika, uye tinofamba nepamusoro payo. Zvinobwinya. Hazvina here? Zvakanaka.

30 Ari mumunamato, Gabrieri akauya ndokumuudza kuti paisangori nemamwezve makore maviri chete vasati vadzokera kumusha, asi akamuudza magumo ese enyika iyoyo. Pafungei! Magumo ese, rwendo rwese rwepanyika, Gabrieri akarwutsanangurira Dhanieri. Akati Akatumwa kunoudza Dhanieri chinhu chikuru ichi. Muporofita iyeye anofanira kuve akanzwa sei! Uye Akamuudza kuti kwaive nemavhiki makumi manomwe akatarwa pavanhu, kusvika kumagumo; ndiyo nguva yekupedzisira, saka zvese zvapera, magumo. Akati, "Kune mavhiki makumi manomwe."

31 Vamwe vanoati mwedzi, vamwe mazuva, vamwe. . . Huh! Kana achingova mavhiki chaiwo, angori angangoita makore maviri ane chikamu chimwe kubva muzvina, kana kuti gore rimwe rine chikamu chimwe kubva muzvina. Uye, munoona, imi. . . Ndipo patinofanira kuwana, kutaura chokwadi.

32 "Mavhiki makumi manomwe akatemerwa kuvanhu vako." Nechinangwa chei? Nokuda kwei? Vaive vanhu vaani aaive akatemerwa? Vanhu vaDhanieri, maJudha. Uye aive akatemerwa nekuda kwei? Kwete pamusoro paDhanieri chete, asi pamusoro peguta dzvene raDhanieri; munoona, guta dzvene raDhanieri. Zvino, kirasi, guta dzvene raDhanieri raiva chii? [Ungano inoti, "Jerusarema."—Mupepeti] Jerusarema.

33 Uye zvino tiri kuzotora, pamwe kusvika pazviri manheru ano: Jerusarema raiva kupi? Ndiani akavamba Jerusarema? Wakambofunga nezvazvo here? Ndiani akavamba Jerusarema? Rakavambwa riinhi? Tichasvika kwazviri, mushure mechinguva. Ndiani akavamba Jerusarema? Vakomana, chinhu chidikidiki chakavanzwa kumashure mukona, asi zvirokwazvo Rinozvitaura. Hongu, changamire. Ndiani akavamba Jerusarema, uye rakavambwa riinhi? Zvakanaka. Uye ndiro guta dzvene raDhanieri.

34 Uye tinonzwisisa kuti guta iroro, iro rave chituko zvino kwemakore zviuru zviviri, richavakwa zvakare nekumiswa zvakare. Uye kunamata mutemberi kuchaitwa sezvakwaingova pakutanga. Ndizvozvo chaizvo. Jerusarema richavapo, zvino, uye pachave nechibairo, chipiriso chezuva nezuva chinopihwa zvakare sezvazvaive pakutanga. Tichapinda mune zvizhinji zvazvo, ndinofungidzira, manheru ano, kana kuti zvizhinji zvacho.

35 Zvino ndinoda kuti muzive, shamwari, kuti, kubata pazvinhu izvi, zvirokwazvo ndiri kusiya mavhiki ekudzidzisa. Asi ndichingoita sekuzvirova, kuitira kuti kana mamiriro ekunze otonhorera, kana kuti gare-gare, patinopinda muZvisimbiso Zvinomwe zviya, Ndiro Nomwe dzematenda, Hwamanda Nomwe, zvinhu zvose izvi, zvandinogona kuzonongedza kumashure ndoti, "Munorangarira here mavhiki makumi manomwe aDhanieri? Munorangarira here zera reChechi, payakakwira, uye nezvakaitika?" Uye mavhiki makumi manomwe aya aDhanieri anobata kubva pakukwira kumusoro kweChechi kusvika pakudzoka kweChechi. Chikamu ichocho chenguva ndimo maanobata. Zvino, zvino, kwete ese mavhiki makumi manomwe aDhanieri; chikamu chawo. "Mavhiki makumi manomwe akatemerwa."

36 Zvino, pakanga paine chinangwa chakapetwa katanhatu mukushanya kwaKe, achimuudza zvaizoitika. Zvino, paive nechinangwa chakapetwa katanhatu chekuuya kwaKe. Zvino, manheru ano, ndinofunga kuti tichasiira neche pano

muMagwaro apo patanga tiri mangwanani ano, apo pokuti paive nechinangwa chakapetwa katanhatu. Hezvino tiri pano. Zvino tinoona kuti paive nechinangwa chakapetwa katanhatu, chimwe chacho. Zvino ngatitorei . . . -chitsauko chechina, iyo . . . -ndima yechina . . . ndima 24 yechitsauko 9 chaDhanieri.

> Uye *vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa* pa*vanhu vako* . . .

Zvino rangarirai, ndizvo izvo zvoga rwendo rwevaIsraeri rwuchazova nazvo panyika pano. Akatemerwa. Mavhiki makumi manomwe akatongotemerwa. Ndiwo oga akatarirwa kumaJudha.

> . . . pa*vanhu vako ne*pa*guta rako dzvene,* . . .

Naizvozvo, mavhiki makumi manomwe aya, zvino musazvipotse, achazarura kubva panguva iyoyo kusvika kumagumo emaJudha, uyewo zvakare kusvika kumagumo eJerusarema, kusvikira pachava neguta idzva richavakwa. Zvino, oo, ndinovimba tinopinda mazviri, zvakanaka chaizvo uye zvakadzika manheru ano.

> . . . *akatemerwa* pa*vanhu vako uye ne*pa*guta rako dzvene,* . . . (Kuitirei?) . . . *kupedzisa kudarika,* . . .

37 Chii chaAkamuudza zvino? Akanga achiedza kutsvaga kuti zvichatora nguva yakareba sei. "Ndinoziva kuti tave panguva yekupedzisira." Sezvatiri zvino, "Ishe . . . "

38 Vangani mukirasi ino, manheru ano, vanotenda kuti tiri panguva yekuguma? Itii, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Maita henyu. Tave kumagumo. Zvino tiri kuedza kutsvaga, naMwari, kuti zvichanyatsotora nguva yakareba zvakadii. Izuva ripi ratiri kurarama? Ndicho chikonzero tiri kudzokera shure uye tichitora vaporofita ava, nevamwe vakadaro, uye nekuedza kutsvaga kuti tiri papi.

39 Uye ndizvo zvakaitwa naDhanieri. Akanangisa chiso chake kuna Mwari. Vangani vaverenga Dhanieri 9 nhasi? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka. Munoona munamato wake, kuti akareurura sei achiitira vanhu vake, uye nekureurura kwake pachake. Aida kuva nechokwadi chekuti aziva pavaizodzokera, nekuti aida kuita kuti vanhu vagadzirire kudzokera.

Zvino, zvandiri kuedza kuita, kutsvaga apo patiri kuenda kumusoro, uye nekuzoita kuti vanhu vagadzirire kuenda kumusoro, vanga vakagadzirira. Uye takanangisa chiso chedu kuna Mwari, kuburikidza neminyengetero nezvikumbiro, kuti tizive, "Ishe, inguvai yatiri kurarama mairi?"

40 Takaona zvinhu zvese izvi zvakasiyana-siyana zvichiitika; tinoona nyika iri munyonga-nyonga. Tiri kuona nguva yava pedyo. S- . . . chinyorwa chiri pamadziro, zvese zvakataurwa naMwari. Tinonzwa Mutungamiri wedu wenyika achitaura nezve imwe hondo, iko zvino iri kuuya. Tinonzwa kufanotaura,

"Mukati, oo, mumaawa mashoma mushure mehondo, zvakafanotaurwa kuti nyika dzichasara dzava guruva rematombo akanyungudika." Uye tinoziva kuti tinazvo.

Saka tinoziva, izvozvo zvisati zvaitika, Chechi inofanira kuenda. Saka, "Ishe, tiri papi?" Ndicho chikonzero ndinotenda kuti Vachatiita kuti tizive. Takanangisa meso edu kuti tizive. Zvino, kutanga, ngationei.

> *Mavhiki makumi manomwe akatemerwa* pa*vanhu vako . . . guta rako dzvene, kupedzisa kudarika, . . . kugumisa* chivi, uye nokuita yananiso pakusarurama, *. . . nokuuyisa kururama kusingaperi, . . . kusimbisa* chiratidzo *ne*chi*porofita, nekuzodza nzvimbo Tsvene-tsvene.*

41 Ndicho chaive chinangwa chakapetwa katanhatu chekushanya kwaGabrieri.

42 Zvino ngatitangei, nhamba potsi. Kana muchida kuimaka, imi mune mapenzura. Nhamba potsi, "Kupedzisa kudarika," ndicho chinhu chekutanga. Zvino, kupedzisa kudarika kweIsraeri, yakatadzira Mwari, ndiko kuchava kubviswa kwekushaiwa humwari kwaJakobho.

Zvino, kuti tiwane izvi, ngativhurei kuna VaRoma. Chitsauko 11 cheVaRoma, uye kutangira pandima 21 yaVaRoma 11. Zvino tava kuzodii? "Kupedzisa kudarika." VaRoma 11:21. Zvakanaka.

> *Nekuti kana Mwari asina kurega* davi repo, . . . (Raive ani? Israeri.) . . . chenjera zvichida . . . *haangakuregi newewo.*

Zvino, ndinoda kuti imi, kana maenda kumba, muverenge chitsauko 11 chese ichi. Ndiri kungoverenga izvi kuitira . . . Makai pasi chitsauko 11 chese, mobva machiverenga.

> *. . . haangakuregi.*
>
> Naizvozvo *tarira* hunaku . . . kuomesa *kwaMwari: kune* avo *vakawa, . . .* asi *kwamuri,* hunaku, *kana muchigara* muhunaku*:* zvimwewo *newe . . .* muchagurwa, muchagurwawo zvakare.
>
> Uye *naivowo, kana vasingagare pakusa- . . . kana vasingagari pakusatenda, vachabatanidzwa: nekuti Mwari vanogona kuvabatanidzazve.*

Munoona, kutaura kuti pachave nenguva yekuti Murudzi achagurwa, uye Israeri ichadzoka zvakare.

> *Nekuti kana* imi maive *makatemwa* kubva pane—kubva pane *muti wemuorivhi uyo uri* wemusango *pakusikwa kwawo* (Marudzi), uye *ukabatanidzwa zvichipesana* nemasikirwo . . .

Taive takapesana nemasikirwo, vatorwa, tisina tsitsi, tisina Mwari, tisina tariro zvachose. Uye Mwari, kubudikidza netsitsi dzaVo, kuti vatipe mukana, vakagura Israeri yakarurama nekuda kwekudarika, uye ndokuvaisa parutivi, wemusa-. . . muorivhi munyoro, ndokuunza muti wemuorivhi wemusango, zvinopesana nemasikirwo.

> . . . kune *wakanaka* . . . muti*: zvikuru sei ava, vari matavi awo, va*chi*batanidzwa pamuorivhi wavo* chaiwo*?*

Zvakanaka, ngatirambei tichiverenga.

> *Nekuti handidi, hama, kuti musazive chakavanzika ichi, kuti murege* kungwara mukuzvitutumadza kwenyu; *kuti* hupofu muchidimbu hwehwakaitika hwe*Israeri,* hunoitika ku*Israeri*, *kusvikira kuzara* kweMarudzi . . . *kwapinda.*

43 Kusvikira Mwari vapedza neMarudzi, Israeri yaiva yakapofomadzwa. Vakaenda muchivi uye nemukutadzira Mwari, nekuti Mwari vakapofomadza meso avo, kuitira kuti isu tibatanidzwe. Mazvibata here? Ndima 26 zvino:

> *Naizvozvo Israeri* yose i*chaponeswa:* . . .

44 Mwari vakavapofomadza nebwoni kuitira iwe neni. Havagoni kuona, nekuti Mwari vakavapofomadza. Uye Israeri yese, Israeri yechokwadi, ichaponeswa. Mutumwa akatii? Kubwinya! "Kupedzisa kudarika kweIsraeri! Ndauya kuzokuudza kuti ichasvika nguva apo kudarika kweIsraeri kuchange kwapera." Mwari vachatema bazi riya remusango, vobatanidza mune iwo, zvakare, iro bazi chairo zvakare.

45 Oo, dzimwe nguva zvinoita kuti moyo wangu usvetuke, kuvaona vanhu ivavo vanonzwisa tsitsi, vanosiririsa vakagurwa uko, vasingazivi kwavari kuenda; uye kufunga kuti Mwari, mutsitsi dzaVo, vakazviita kuitira kuti ndiponeswe. Vakapofomadza meso avo kubva kuna Mesia wavo chaiye, vakavhara nzeve dzavo kuti vatadze kuMunzwa; asi zvakadaro, vakanyatsotarisa pamashura aKe, ndokunyatsotarisa chaipo pamashura aKe nezvinhu zvaAiita.

46 Mateo, ndinotenda, chitsauko 12, kana chitsauko 8 kana 12, akati, "Kunyangwe Jesu akange aita zvishamiso zvakawanda kwazvo, asi zvakadaro havana kukwanisa kutenda." Nekuti, Mwari vakati, "Vane maziso uye havagoni kuona, nenzeve uye havagoni kunzwa; kunze kwekuti vaona nemaziso avo nekunzwa nenzeve dzavo, zvino ndaizovatendeutsa." Asi, kuitira kuti tikwanise kuwana mukana, Vakadhonzera keteni pasi kumeso evana vaVo Vomene, vakadzinga vana vaVo Vomene kubva patafura, ndokuvaisa pakuondoroka paMweya, kuti Vakwanise kuwana . . . kuti tikwanise kuwana mukana wekurarama, vachitipa Hupenyu. Ndima 26, zvakare.

Naizvozvo Israeri yose i*chaponeswa: sezvazvakanyorwa,* Kubva *paZioni pachabuda* Mudzikinuri*, uye achabvisa* kusava nehumwari kubva *kuna Jakobho:*

47 Hongu, Achauya kuGomo reZioni, rimwe ramazuva ano. Pamusoro peGomo reMiorivhi, vachamuziva, uye Israeri yose ichaziva kuti ndiYe. VeMarudzi pachange pasisina chavo ipapo. Bazi iroro rakabatanidzwa, Mwari vachatora kubva pariri michero yakaunganidzwa. Uye bazi iroro remusango richazo . . .

48 Uye zvino rangarirai, kumashure uko apo muchiverenga, Akati, "Kana midzi iyoyo yakange iri mitsvene, uye midzi iyoyo waive Mudzi mutsvene, zvakarewo muchero unobuda kubva muMudzi mutsvene iwoyo unounza muchero mutsvene." Uye kana Mudzi iwowo waiva Jesu Kristu, Anova zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi; kana Hupenyu ihwohwo hwaive maAri, hwakauya kuburikidza nemuchizvarwa chemaJudha uye hukagurwa kubva kwavari, uye maziso avo akapofomadzwa kuti tikwanise kuona, hupenyu hwedu huchafanirwa kufanana neBazi rakaropafadzwa iri. Oo, hongu, hama. Ndizvozvo chaizvo.

49 Mwari vakavagura, nechinangwa, uye vakapofomadza meso avo kuitira kuti tiwane mukana wekuona, vachitipa mukana. Zvino isu tinofamba-famba tichiita kunge tiri mumwe munhu mukuru. Pauro anovaudza pano, "Chenjererai, maitiro amunozviita. Chenjererai! Nokuti kana Mwari vasina kuregera bazi repo, Vachagoita dzimwe tsitsi dzipi pabazi remusango rakatogara . . . "

Saka tinofamba-famba, tichiti, "Ndiri muPresbyteriani! Ndiri muMethodisti! Ndiri muBaptisti! Ndiri muPentekosti!" Hazvina zvazvinoreva kuna Mwari. Unofanira kuberekwa patsva neMweya Mutsvene iwoyo unobva muMudzi. Asi Akauya . . .

50 Zvino, rangarirai, Haasi kutaura pamusoro peMarudzi. Ndiri kungokanda izvi imo muno kuti muone kuti Marudzi vane mukana wavo papi.

51 Asi, Akauya "kupedzisa kudarika," kuita kuti kupere. Zvino, kana tikadzokera muna Dhanieri zvakare, uye tichazoona kuti muna Dhanieri, tinoona pano, ndima 24. Zvakanaka. "Kupedzisa kudarika." Kupedzisa chii? Kupedzisa kudarika kweIsraeri.

Kudarika chii? Kuenda uchipesana nechimwe chinhu. Kundikanganisira, kundiitira zvakaipa. Kukukanganisira, kukuitira chakaipa.

Saka, Israeri yakaitira Mwari zvakaipa. Uye muvhiki rino rechimakumi manomwe, chii chichaitika? Mwari vari kupedzisa kudarika kweIsraeri. "Kupedzisa kudarika," kuchava, "kubvisa kushaiwa humwari kuna Jakobho." Uye ipapo Israeri yose

ichaberekwa patsva. Vese zvavo vachagamuchira Mweya Mutsvene.

Zvino, nhamba yechipiri, nyorai izvozvo pabepa renyu.

52 Tinogona kugara kwenguva yakareba pazviri, asi handisi kuda kutanga kuparidza pazviri. Ndinongoda kutaura nemi, kuitira kuti mugone kuzvibata nepedyo. Kana tapinda muZvisimbiso Zvinomwe izvi, ipapo munozongoramba muchipfuurira mberi nemuChechi, nemuZvisimbiso, nemuMatambudziko, nekuziva patakamira. Zvakanaka.

53 Nhamba yechipiri, "Kugumisa zvivi." Zvino ngativerengei zvakare, Dhanieri.

. . . kupedzisa . . . kudarika, ne—nekugumisa zvivi, . . .

Ndicho chinangwa Chake chechipiri chekuuya. Kutanga, ndiko kupedzisa kudarika kweIsraeri; uye nekugumisa zvivi. Israeri yakatadza papi? Ndepapi pavakaita chivi chavo chikuru? Ndepapi pavakazvipatsanura kubva pana Mwari?

54 Zvino nyatsoteererai. Ngativhurei kuna Mutsvene Mateo 24. Uye hepano apa Israeri payakaita mhosho ine rufu. Hepano payakaita chivi chayo chekupedzisira, nechikonzero iri muchinhano chairi nhasi. Mateo, chitsauko 27 cheVhangeri raMutsvene Mateo, uye ndima 25 yechitsauko 27. Ngatitangirei sepandi—ndima 21.

Mubati akapindura akati kwavari, Ndeupi wevaviri wa*munoda kuti ndikusununguririei?* Zvino *vakati, Bharabhasi.*

Zvino rangarirai, iIsraeri. "Bharabhasi!"

Pirato akati kwavari, Ndichagoiteiko . . . naJesu anonzi Kristu? (Teerera kwavari!) *Vose* ndokuti *kwaari, Ngaarovererwe pamuchinjikwa.*

Rangarirai, ndiye Mesia wavo akataurwa naDhanieri kuti achauya. Rangarirai mangwanani ano, muchidzidzo pano, "Achagurwa, kwete nekuda kwaKe," pasina chaAkaita.

. . . Ngaarovererwe pamuchinjikwa.

Zvino mubati *akati,* Nei, chii *chakaipa chaakagoita?* Asi *vakanyanyisa kudanidzira, vachiti, Ngaarovererwe pamuchinjikwa.*

Ipapo *Pirato achiona kuti* hapana chaachakwanisa, *asi . . .* kuti *pakamuka bope,* zvino *akatora mvura, akashamba maoko ake pamberi* pemhomho, *achiti, Handina mhaka neropa remunhu uyu akarurama:* zvionerei . . . imi.

55 Teererai! Heino mhosho yavo. Hechino chivi chavo.

Ipapo *vanhu . . . vakapindura, vakati, Ropa rake ngarive pamusoro pedu,* uye nepa*vana vedu.*

56 Ndipo pacho pavakazviitira. Akanga ari kugumisa chivi kwavari. Chii chimwe chinhu chaAigona kuita kunze kwekuvaregerera, achiziva kuti Aifanira kupofomadza maziso avo, kuti tigokwanisa kupinda? Zvakaita sevana vaKe pachaKe vachichemera Ropa raKe. Zvino vaive vakapofomadzwa, uye Akaziva kuti vakapofomadzwa. Ndicho chikonzero Akachemera kuti varegererwe. "Varegerereiwo, Baba, nekuti havazivi zvavari kuita." Vakanga vari mapofu. Nekuda kwedu vakaitwa mapofu. Mukusatenda kwavo vakazviita izvi. Asi pavanoMuona zvakare . . . Ameni!

57 "Kugumisa chivi." Chivi chii? Kusatenda. Havana kutenda kuti aive Mesia. Havana kukwanisa kuMuona ari Mesia, asi Akaita chiratidzo chose chaifanira kuitwa naMesia. Asi havana kukwanisa kuzviona. Vakanga vari mapofu.

58 Saka kana mukaona vanhu vachiti, "Handitendi mukupodza kwaMwari. Handikwanise kuzviona. Handikwanise kuona rubhabhatidzo urwu rweMweya Mutsvene." Usavatsamwire; ivo mapofu. Vanoti, "Handikwanise kuona Mharidzo ino yeKuuya kwaKe. Handikwanise kuona rubhabhatidzo urwu rweMweya Mutsvene. Handikwanise kuona mbeu yenyoka. Handikwanise kuona zvinhu izvi." Mapofu, uye havazvizive. Chingovanamatira. Zvakanaka.

59 Mukusatenda kwavo; asi, pavanoMuona, paAnouya zvakare, zvichagumisa kusatenda kwavo. Oo, ini zvangu! Ngatimbovhurei kutanga kuna Genesi 25, chitsauko 45, uye titore mu—mufananidzo wazvo. Ndanyora pasi zvimwe pano, zvaGenesi 45, imi muri kutora zvinyorwa. Oo, ndinoda sei Vhangeri rino rakare rakanaka! Zvakanaka. Zvino tava kuziva patiri.

Muri kundinzwa zvakanaka here, kumashure kwechivakwa? Simudza ruoko rwako kana uchindinzwa. Ndagadzika ichi pedyo-pedyo.

60 Zvino tava kuzoverenga chikamu cheRugwaro urwu. Ndinoda kuti muteerere, imi musina Bhaibheri renyu. Imi mune Bhaibheri renyu, ndiGenesi. Kutanga, ngatitangirei muchitsauko 44, kutanga nendima 27.

61 NdiJosefa, uye Josefa aive mufananidzo wakakwana waKristu. Tinozviziva izvozvo. Vangani vanozviziva izvozvo? Akavengwa nevakoma vake. Nei? Nekuti aive wemweya, aiona zviratidzo, achidudzira hope. Aive munhu wemweya pakati pevakoma vake, uye vaimuvenga. Uye baba vake vaimuda.

Naizvozvowo Jesu aivengwa nemachechi emasangano, asi aidiwa naBaba vaKe Mwari. Sei vaiMuvenga? Nekuti Aive wemweya. Nekuti . . . Vakataura, vakati Aiva muuki, dhimoni.

62 Munorangarira here zvakataurwa nevakoma vaJosefa kwaari? "Heuno anouya muroti uya." Maona? Munoona, chinhu chimwe chete. Zvino vakatengesa Josefa nemutengo

unenge mumwe chete uyo Judhasi akatengesa Jesu nawo, masirivheri makumi matatu. Vakamukandira mugomba, ndokuenda kunoudza baba kuti chimwe chinhu chamuuraya, ainge afa. Asi akatorwa kubva mugomba. Kristu akakandwa mugomba, ndokusimudzwa. Uye kubva ipapo akaenda kunzvimbo yepamusoro-soro yaive panyika. Ameni! Josefa akaenda kuruoko rwerudyi rwaFarao; uye Jesu akaenda kuruoko rwerudyi rwaMwari. Mumuyedzo wake, asati asimudzirwa . . . Jesu, Asati asimudzirwa, akapfuura nemumuyedzo.

63 Handiti, ndinotenda kuti aive Billy Sunday, muvhangeri mukuru, akati, "Muti wese—wese waive neNgirozi miriyoni dzakagara mauri, zuva iroro rekurovererwa, dzikati, 'Chingosunungura ruoko rwaKo wonongedza kwatiri. Tinoshandura mamiriro ezvinhu ari pano.'" Asi haAna kukwanisa kuzviita.

64 Kayafasi akati, "Akazviponesa; vamwe haagoni kuponesa." Aisaziva kuti aitopa chitaurwa chakanaka. Dai Akazozviponesa pachaKe, haAizogona kuponesa vamwe. Saka, Akazvipa pachaKe, kuti aponese vamwe. Munoona, vakapofomara zvakanyanya pazviri. Zvino ivo . . .

65 Zvino paakanga ari ipapo mukusimudzirwa kwake, kana kuti, asati asimudzirwa, muedzo wake . . . Rangarirai, Josefa akaiswa mutirongo nekuti akange asina mhaka.

66 Mutungamiriri wehondo yechiRoma, kana, yeIsraeri, ainzi Potiferi; Potiferi akaenda, ndokuenda parwendo. Aive nemudzimai ane runako, zvino mudzimai wake akaita kuti Josefa apinde mumba kuzoita chimwe chinhu, zvino akaedza kuita kuti Josefa aite chimwe chinhu chisina kunaka. Asi akanga akavimbika kuna Mwari. Ndinokutaurirai, ivo nguva dzose . . .

67 Imi madzimai, ndakakupopoterai; zvino ndava kumira nemi, kwechinguvana. Maona? Mudzimai ndiye mudziyo mutete. Ndinoziva kuti hakugone kuva nemurume akaipa pasati pava nemukadzi akaipa. Asi varume vanozviziva izvozvo, varume vanoziva kuti iwe uri mwanakomana waMwari, wotora mukana pamudzimai, unonyadzisa; zvisinei nezvaanoita. Iye mudziyo mutete, uye unozviziva izvozvo. Kana akabuda, achizvibata zvisina hunhu hwechidzimai, mubate neruoko wotaura naye sehanzvadzi. Uri mwanakomana waMwari. Usaite zvinhu izvozvo zvakaipa. Tarisa kuna Josefa, aiva muenzaniso kwauri.

68 Zvino apo mudzimai waPotiferi, mudzimai uyu tsvarakadenga, anoremekedzwa, wepamusoro-soro, mumwe wemadzimai epamusoro-soro aive munyika, akamugombedzera uye akamunyengetedza. Zvino akatendeuka, uye mudzimai akamubata ndokuedza kumumbundira kwaari. Zvino akazvizunza kusvikira iye atobvisa jasi rake, ndokumutiza. Hongu, changamire. Zvino paakapinda, vakamunyepera, ndokuti auya muno kuti amubate chibharo, zvino akasiya

rake . . . zvino akasiya jasi rake ipapo. Uye nekuda kwaizvozvo akaenda mutirongo. Asi, mutirongo, Mwari vaive naye, zvisinei nekuti vamuisa kupi.

69 Aive mufananidzo weMwanakomana webudiriro. Zvese zvakaitwa naJosefa zvakabudirira. Uye Jesu paanodzoka muMireniyamu, ndicho chikonzero magwenga achatumbuka seruva rerozi. Zvese zvaAnoita zvichabudirira. Ndiye Mwanakomana webudiriro. Chero kupi kwawaiisa Josefa, kwaive kwakaropafadzwa. Chero kupi kuna Jesu, kwakaropafadzwa. Saka, Mupinze mumoyo mako uropafadzwe.

70 Saka tinoona zvino, kuti, Josefa ipapo akazobva aiswa mutirongo. Zvino mutirongo makanga muine varume vaviri; mumwe wavo akarasika, uye mumwe akaponeswa. Jesu, mukuyedzwa kwaKe pamuchinjikwa, imwe mbavha yakarasika uye imwe ikaponeswa.

71 PaAkasimudzirwa, Akaenda kuruoko rwekurudyi rwaMwari. Josefa paakasimudzirwa, akaenda kuruoko rwekurudyi rwaFarao, uye hapana munhu aigona kutaura naFarao asina kutaura naJosefa kutanga uye nekuwana mvumo.

Zvino Josefa paakasiya muzinda . . . Oo, ini zvangu! Josefa paakabva pamuzinda, hwamanda dzakarira, uye varume vakamhanya mberi kwake, vachiti, "Pfugamai! Josefa ari kuuya!" Ameni!

Uye Jesu paanobva paruoko rwekurudyi rweHumambo kumusoro, hwamanda dzicharira. Zvino ibvi rose richapfugama, uye rurimi rwose rwuchapupura, "Jesu ari Kuuya!" Chokwadi! Asi kana . . .

72 Uye, rangarirai, paakarambwa nehama dzake, akaitei? Akawana mudzimai Murudzi; akawana mudzimai muEgipita. Jesu paakagurwa kubva kuhama dzaKe kumashure uko, maJudha, Akaroora Mwenga weMarudzi. Asi zvino, mushure memakore, mushure mekunge vana vaberekwa, Efraimi naManase, akave nemhuri.

73 Zvino, rimwe zuva, vakoma vake vakauya kuzomushanyira. Tarisai. Tinoziva nyaya yacho, kuti akaisa sei chinhu chidiki mukati imomo, kuti adzosere. Uye akaita sekunge aisakwanisa kana kutaura mutauro wavo; aive nemuturikiri, wekuchiHebheru, apo iye aiva muHebheru pachake. Uye munin'ina wavo akanga auya zasi. Havana kumuziva. Aiva muchinda ane simba.

Uye izvozvi, Kristu anoshanyira maJudha, anopodza varwere vavo nezvimwewo, uye zvakadaro havazive kuti ndiYe Ani, Mesia uya.

Ngatitangirei pandima 27 yechitsauko 44.

Uye muranda wenyu baba vangu *vakati kwatiri, Munoziva kuti mukadzi wangu akandiberekera—mukadzi wangu akandiberekera vanakomana vaviri:*

Zvino mumwe wavo *akabva kwandiri,* . . .

Aiva Josefa, iye wacho chaiye wavaitaura naye.

. . . uye *ndikati, Zvirokwazvo akabvamburwa* kuita zvimedu*;* uye *kubva musi iwoyo handina kuzomuonazve:*

Zvino *kana mukanditorera neuyuwo,* zvino *akawirwa nenjodzi, muchaburutsira vhudzi rangu jena kubwiro* nekusuwa.

74 Vaive naBhenjamini mudiki zasi ikoko, munin'ina wake mudiki. Munoziva here uyo anomiririrwa naBhenjamini? Iri boka remaJudha chaiwo, echokwadi riri kuungana ikoko zvino kuita izvo zviuru zana zvinemakumi mana nemana, rudzi urwu—urwu rwuri kuuya. Kwete makoronyera aya ekuWall Street, kwete, kwete; ndevamwe vachazova sora richatsva. Ivavo havasi maJudha. Havasi maJudha. MaJudha chaiwo ndivo vanaBhenjamini vadiki ava vari kuuya vachibva zasi kuno, uye vasina kana kutombonzwa Shoko raJesu Kristu.

Naizvozvo zvino huyai kwandiri . . . nababa venyu . . . uye *baba vangu,* uye *tisinaye mukomana;* nekuona kuti hupenyu hwavo hwakasungirirwa muhupenyu hwe*mukomana;*

75 Hupenyu hwaMwari pachaVo hwakasungirirwa pamwe neIsraeri. Vakaroorana nayo. Tichasvika pane izvozvo mumaminitsi mashoma, kana Ishe vachitendera. Vakaroorana neIsraeri. Hupenyu hwaVo hwakasungirirwa kwairi. Sekubatanidzwa kwandakaitwa kuna Mai Branham vari kumashure uko, mudzimai wangu, uye wakabatanidzwa nemudzimai wako. Hupenyu hwenyu hwakaputirwa mazviri. Uye Mwari vakaroorana neIsraeri. Uye chaive chii? Jakobho akati, "Hupenyu hwangu hwakaputirwa nekusungirirwa mumwana uyu. Ndicha . . . "

Zvino zvichaitika *kuti, vachiona mukomana asinesu,* . . .

Josefa ainge ari kuzochengeta mukomana, munoziva. Tinoziva nyaya yacho.

. . . uye kuti *vachafa,* baba vake: uye *varanda venyu vachaburutsira bvudzi jena romuranda wenyu baba vedu* nekusuwa *kubwiro*.

Teererai kune chikumbiro icho Rubheni ari kupa zvino.

Nekuti muranda wenyu ave rubatso kuti *mukomana kuna* wenyu . . . *kuna baba vangu, ndikati, Kana*

*ndika*saunza . . . *ndikasauya naye kwamuri,* ipapo *ndichava nemhosva kuna baba vangu nokusingaperi.*

Naizvozvo zvino, ndinokukumbirai, *kuti muranda wenyu agare hake* pachinzvimbo *chomukomana . . .*

Oo, ini zvangu! Munoona, akamira pamberi chaipo paJosefa, munin'ina wake. Uyu ndiJosefa, asi haasi kumuziva. Oo, mirira kusvikira Mireniyamu iyoyo yatanga, hama!

. . . zvino pachinzvimbo *chemukomana* muranda *washe wangu; . . .*

Muteererei, achimupupura kuti, "ishe."

. . . uye regai *mukomana* adzokere nevakoma *vake.*

Nekuti ndingakwira seiko kuna baba vangu, ndisina mukomana? zvimwe ndirege hangu kuona njodzi ichawira pana *baba vangu.*

76 Achiteterera, achipa hupenyu hwake pachake! MaJudha iwayo achamira ipapo sei vakasimudza maoko avo! Tarisai. Tarisai zvino ndima, yechi 45 . . . Teereresai, musazvipotse. "Apo Josefa paaikwanisa . . . "

Zvino Josefa haana kugona . . . -zvidzora—kuzvidzora pamberi pevose vakange vakamira pamwe *naye; . . .*

Hama, ndipo pachagumiswa chivi. Kusatenda kuchamwararika.

. . . *zvino* akadanidzira, akaita kuti *vanhu vose* vabve . . . kubva kwandiri. *Zvino kwakanga kusina munhu akamira naye,* apo *Josefa achizvizivisa kuhama dzake.*

77 Chii? Kunyange mudzimai wake chaiye akadzokera kumuzinda. Oo, ini zvangu! Mwenga uri Mukubwinya, apo Jesu achidzoka (Tichapinda mazviri pano.) kuti aZvizivise.

Zvino *akachema kwazvo: . . .*

Josefa akange asingachakwanise kuzvibata zvachose, zvino akaridza mhere.

. . . *zvino vaEgipita neveimba yaFarao vaka*zvi*nzwa.*

78 Kumashure-shure uko mumuzinda, vakanzwa Josefa achiridza mhere. Zvino, waiva mufananidzo waKristu achisangana nemaJudha, apo, Anoziva kuti Akavapofomadza kuitira kuti tikwanise kuwana mukana. Asi paAnouya kwavari zvakare, chivi cheIsraeri chinobva chapera.

Zvino *Josefa akati* kuhama dzake, *Ndini Josefa; . . .*

Munofunga kuti Jesu achati kudii? "Ndini Mesia wenyu. Ndini Uyo wamakaroverera pamuchinjikwa."

. . . ko *baba vangu vachiri vapenyu here? Zvino* vakoma vake *vakasagona kumupindura; nekuti vakashushikana nemataridzikiro ake.*

79 Oo, ndinofanira kumira pano kwechinguvana. Ngativhurei kuna Zakaria chitsauko 12. Vhurai neni zvino kuBhuku raZakaria, chitsauko 12 chaZakaria. Uye pamwe ndiri kutora nguva yakawandisa mukutanga kuparidza pane izvi, asi handi—nditarire kudaro. Uye ndi—ndinoda kuti muzvibate, zvakanyanyisa.

80 Zakaria, ngatitorei chitsauko 12 chaZakaria, uye tione zvaAchataura zvino paAnomira pamberi pehama dzaKe. Zekaria 12, neyechi 10. "Kugumisa chivi," zvino. Zvakanaka, chitsauko 12 nendima 10.

81 Cherechedzai. Uye zvino ari kutaura pano nezve vakasara; kukombwa kweJerusarema; chikara nemauto zvinobviswa, nezvimwe zvakadaro; zvinhu zvese zvasvika kumagumo zvino; izvi zvave kuda kusvika kuMireniyamu, kugadzirira kutanga Mireniyamu iko zvino.

> Uye *ndicha*durura *pamusoro peimba yaDhavhidhi, nepa*hugaro hwe*Jerusarema, mweya we* (chii?) *nyasha . . .*

Ameni! Nyasha dzinoshamisa!

> *. . . pamusoro peimba . . .* vagari vemu*Jerusarema,* ("guta dzvene" raDhanieri), *mweya wenyasha newekunyengetera: uye vachanditarira ini wavakabvowora,* uye *vachamuchema iye, semunhu anochema mwanakomana wake mumwe chete,* uye *vachave neshungu kwazvo pamusoro pake, somunhu ane shungu pamusoro pemwana wake wedangwe.*

82 Teererai, kuchave nekuchema kwakadini ikoko paAnenge akamira ipapo, achiZvizivisa kwavari, sezvakaita Josefa! Teererai.

> Uye *nezuva iroro pachava nokuchema kukuru* mu*Jerusarema, sokuchema kweHadhadhi- . . .*

Handikwanise kududza zita iro, H-a-d-h-a-d-h-i-r-i-m-o-. . .

> *. . . Hadhadhirimoni mu . . . Megidho—Megidho.*

> Uye mu*nyika* muc*hava* nekuchema, mhuri *imwe neimwe iri yoga;* mhuri *yemba yaDhavhidhi iri yoga, nevakadzi vavo vari voga;* nemhuri *yeimba yaNatani iri yoga,* nemhuri dzavo *vari voga;*

> *Iyo . . . imba yaRevhi . . . nevakadzi vavo* nemhuri *vari voga; . . .* naSimiyoni neyavowo *vari voga;*

> Nemhuri *dzese dzakasara,* mhuri *yega-yega . . . uye nevakadzi vavo vari voga.*

83 Vachazvinyarira kwazvo, pavachamira ipapo nekuona izvo kuti Iye chaiye wavakaroverera nekuramba, akamira ipapo,

Josefa wavo chaiye anokosha. Kuchave nekuchema kwakadaro! Uye vachati, "Wakawanepi mavanga ayo?"

84 Akati, "Mumba meshamwari dzaNgu." Munoona zvandinoreva? Kugumisa chivi, chekusatenda, ndizvo zvaAchavinga.

85 Uye gore iri rechimakumi manomwe raDhanieri, vhiki rechimakumi manomwe, waro, kuuya kuzogumisa chivi, kuchibvisa. Manzwisisa zvino? Chii chekutanga? "Kupedzisa kudarika." "Kugumisa chivi." Nhamba yechitatu, "Kuyananisira kusarurama." Imi muri kuzvinyora pasi.

Ndanga ndiine mamwe Magwaro matanhatu ipapo, asi ndangozvipfuura, nekuti kuri kupisa. Hatidi kutora nguva yakawandisa. Ndiri kuda kutora zvakawanda zvacho sezvandinogona, asi kwete kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Zvakanaka.

86 "Kuyananisira kusarurama." *Kusarurama* "kuita zvisirizvo," sezvavakaita pamuchinjikwa. Akaita yananiso, asi inenge isinei navo. Yakanga isinei navo. Sei? Nekuti vaive vakapofomadzwa uye vakatadza kuiona. Uye seiko vakapofomara?

Unoti, "Saka, pamwe, nhasi . . . nekuti ndiri bofu." Uri bofu nekutoda kwako. Vaive mapofu nekuti Mwari akavapofomadza. Asi iwe uri bofu nekuti uri bofu nekutoda kwako. Hakuna yananiso kwauri. "Kana usingatendi kuti Ndini Iye," akadaro Jesu, "uchafira muchivi chako." Ndizvozvo chaizvo.

87 Zvino ngatidzokerei kuna Zakaria zvakare, chitsauko 13. Zvino ngatiteererei pano. "Kuyananisira." Zvino, uko izvi . . . Ndanga ndichitsvaga mumwe munhu, inzwa izvi—inzwa izvi, asi pamwe Ishe vachazviwana neimwe nzira.

Nezuva iroro pachave . . .

88 "Nezuva iroro." Chiremba Scofield vanazvo pano muzvinyorwa zvavo zvemuzasi, kana misoro yendima dzavo, "Vakasara . . . Vakasara vakatendeuka vakanongedzera kumuchinjikwa."

89 "Kuyananisira kusarurama." *Kusarurama* ndicho "chimwe chinhu chawakanganisa, chawanga uchiziva zviri nani, kuti hawaifanira kunge wachiita." "Kana ndikavanza kusarurama mumoyo mangu, Mwari havandinzwi."

90 Zvino, muna Zekaria chitsauko 13, ngatitangei pana 1—pandima 1.

> *Nezuva iroro* pachave ne*tsime* rakavhurwa mu*imba yaDhavhidhi* uye kuvagari vemu*Jerusarema* nekuda kwechivi *uye . . . netsvina.*

91 Pachava neimba yakazaruka. Toenderera mberi; taigona kungoiverenga tichidzika. Ndinoda kuti munyore izvozvo pasi

kuitira kuti muzoiverenga. Asi zvino, ndakanyora pano kuti nditange pandima 6 ndoverenga kusvika pana 10. Zvakanaka, ngativerengei uye zvino tione, kuverenga kusvika pana 9, waro.

> Uye *mumwe* achati *kwaari,* kuti apo . . . Ko maronda *api aya ari* muruoko rwako? *Ipapo achapindura, Ayo* . . . andinawo aive . . . (Ngationei.) . . . *pindura, Ayo andakakuvadzwa mumba meshamwari dzangu.*
>
> *Muka, iwe munondo, urwe nemufudzi, nemunhu* anova *shamwari yangu, ndizvo zvinotaura* JEHOVHA *wehondo: rova mufudzi,* uye *makwai* agoparararira*: uye ndichatambanudzira ruoko* rwangu *kuvaduku.*

92 Zvino, Jesu akanokora Rugwaro irworwo. Munoona, "Rova Mufudzi, zvino ugoparadzira makwai." Asi cherechedzai ndima inotevera. Akangotaura zvakadaro bedzi nezvazvo. Asi tarisai mutsara unotevera wacho unotii, chikamu chinotevera chawo. "Zvino ndichatambanudzira ruoko rwaNgu kuvaduku." Chii? Boka raBhenjamini riri kuuya zvino. "Ndichatambanudzira ruoko rwaNgu kuvaduku."

93 "Rova Mufudzi." Israeri, kutanga, Israeri yakarova Mufudzi, ikaparadzira makwai pasi rose. Asi Mwari vakati, "Ndichatambanudzazve ruoko rwaNgu, kuti nditore vadiki ivavo pazuva rekupedzisira." Riinhi? Kana kuyananisira kusarurama kwaitika.

94 Israeri ichaponeswa, mumwe nemumwe wavo. Ngativhurei kuna Isaya. Isaya, chitsauko 66 chaIsaya, uye toverenga kwechinguvana. Uye tione zvinotaurwa naMwari pamusoro peIsraeri ichiponeswa, zvinotora nguva yakareba sei kuponesa Israeri. Tarisai kuti zvichakurumidza kuuya sei. Muna Isaya, chitsauko 66 uye ndima 8. Kana muchida kuiverenga yese, zvakanaka.

> *Ndianiko akambonzwa chinhu chakadai? ndiani akamboona* chinhu *chakadai? Nyika* ingaitwa here uye igobereka . . . *zuva rimwe* . . . *nezuva rimwe here?* . . . *nekuti Zioni* payakarwadziwa, *ndokubereka vana* vayo.

95 Zioni payakangoona kuti aiva Mesia wayo, yakazvarwa patsva, nezuva rimwe chete. "Kuyananisira zvivi, uye nekuyananisira kusarurama, hutsvina." Oo, ini zvangu! Vakaita izvo zvaive zvakaipa, izvo zvaive zvisina kunaka. Kuyananiswa kwakaitwa nekuda kwekusarurama kwavo.

96 Nhamba yechina. "Kuunza kururama kusingaperi." Ndicho chinhu chechina chaAkauyira. Chechina, zvaAkauya kuzoita, "Ku—kuunza kururama kusingaperi." "Kugumisa chivi; kuyananisa; nekuunza kururama kusingaperi." Kudarika kweIsraeri pakwakasvika pakuguma . . . Apo kudarika kweIsraeri . . .

97 Zvino tiri kuzo . . . Ndinoda kuti mubate izvi, nekuti patinounza mudzimai uya, uye nechikara chadzingwa, unozodzoka paRugwaro rwumwe chete urwu zvakare. Iva nechokwadi chekuRwunyora pasi. Kudarika kweIsraeri pakwakasvika kumagumo, Satani, anova mupomeri wavo uye nemupomeri wedu, Satani achavharirwa mugomba risina hwaro. Kana chii? Pakuunza kururama kusingaperi, chimwe chinhu chisingagone kuguma, zvese zvakakonzera kusarurama zvichabviswa.

98 Ngatitorei Zvakazarurwa chitsauko 20 nendima 13, kwechinguvana chete, uye ngativerengei pano kwekanguva. Zvakazarurwa 20, na 13 . . . Kwete, ndiregerereiwo. Zvakazarurwa . . . 1 kusvika kuna 3, ndizvo. Handina kuona mucherechedzo mudiki uya pakati pawo. Dikita rangu pano rinopinda mumaziso angu. Zvakazarurwa chitsauko 20, uye regai tione.

> *Zvino ndakaona mutumwa achiburuka kubva kudenga, aine* makii e*gomba* risina hwaro *nengetani huru muruoko rwake.*
>
> . . . *akabata shato, nyoka* iya *yakare,* anova *dhiyabhore, uye naSatani, akamusunga* kwechiuru cha*makore,*
>
> *Ndokumukandira mugomba* risina hwaro*, akamupfigiramo,* uye *akaisa chisimbiso pamusoro pake, kuti arege kuzonyengerazve* rudzi zvachose, *kusvikira makore* chiuru *apera:* zvino *mushure maizvozvo . . . anofanira kusununguruwa kwechimguva chidiki.*

99 Kugadzira kusingaperi . . . "Kuunza kururama kusingaperi," Satani ari mugomba risina hwaro. Uye paAnozviita izvozvo, oisa opfigira dhiyabhore uyo akanyengera vanhu.

100 Zvino ngatidzokerei kuna Habhakuki, chitsauko 2. Habhakuki, chitsauko 2. Uye zvino tichaona kuti sei Akapfigira nyoka iyi yakare, uye kuti zvakaitirwa chii, uye chii chinoitika pakarepo mushure mekunge apfigirwa. Ndinozvifarira izvi, hamudarowo here? Zvi—zvinotisvitsa pane ruzivo rwezvimwe. Habhakuki, Habhakuki, chitsauko 2 nendima 14, ndinotenda kuti ndiyo, ndinoda kuverenga. Kana izvi zvaitika . . . Tarisai.

> *Nekuti nyika ichazadzwa nezivo* uye ne*kubwinya kwaJehovha,* se*mvura* dzinofukidza *gungwa.*

101 *Brrrrr*! Ini zvangu! *Fiyuu*! Nemamwe mashoko, kana muvengi achinge abviswa, kupera kwechivi kwauya, kuunzwa kwekururama kusingaperi kwauya, Satani akapfigirwa mugomba risina hwaro, uye ruzivo rwaShe rwuchafukidza nyika semvura dzinofukidza gungwa. Ameni! Mbiri kuna Mwari! Kuri kuuya, hama, kuri kuuya! Vakadzi vachava madzimai kwawo, uye varume vachava machinda kwawo. Ameni!

Kana ruzivo rwaShe rwazadza nyika negungwa nedenga;
Uye, oo, moyo wangu uri kugomera, uchichemera zuva iroro rwerusununguko rwunotapira,
Apo Jesu wedu achadzoka panyika zvakare.

102 Ameni! Zvakanaka. Zvino, Mireniyamu ipapo inenge yavepo. Ndipo apo Mireniyamu, apo Guta richazovakwa. Chechina . . . Ndine mamwe Magwaro matanhatu, asi tichakurumidza. Zvino, kana tadzoka, ndichatora mamwe Magwaro aya; asi kungokupai mamiriro acho asiri muhudzamu.

103 Nhamba yechishanu. "Kusimbisa chiratidzo nechiporofita." Munoona, Mutumwa uya akauya kuzoisa chisimbiso pachiratidzo nepachiporofita.

Ndi—ndinovenga kutaura izvi. Asi, mumwe munyori mukuru, wandakanga ndichiverenga nezvake rimwe zuva, ndokunge kana asina kuzvivhiringidza! Akatati "Zvachaive chiri . . . "

Zvino, kungoratidza kuti kupusa kwakadini . . . Oo, ndiregerereiwo, handirevi kutaura izvozvo. Ndiregerereiwo. Handireve izvozvo, chaizvoizvo ndanga ndisingadaro. Kwete. Mu—mu—munhu asina chizoro, munoona.

Murume wacho akati, "Munoona pano kuti zviratidzo uye nechiporofita zvaigara zvichibvumidzwa kuchechi yechiJudha." Ndokuti, "Kubva panguva yaDhanieri zvichienda mberi, pakauya Dhanieri, zvaireva kuti havaizove nechiratidzo zvakare kana chiporofita zvakare." Ndokuti, "Zvinhu zvese izvi nhasi zvavanotaura nezvazvo, pamusoro pekuva nezviratidzo uye nechiporofita, zvese zvaive chinhu chadhiyabhore," kuti, "pakanga pasina chinhu chakadaro sezviratidzo nechiporofita."

Hama, paive nevaporofita vakawanda mushure maDhanieri. Uye kwaive naJohane Mubhabhatidzi. Kwaiva naJesu Kristu. Kwaiva nevaporofita nemuTestamende Itsva. Kwaiva nezviratidzo. Kwaiva neNgirozi.

Ko munhu angataura zvakadaro chirudzii? Asi, munoona, zvine chinangwa cheundini, kuyedza kusundira chimwe chinhu pamusoro pevanhu, kuzviita dzidziso diki yechechi, kana chinhu chidiki chisina maturo, kuti chive chechokwadi kuvanhu. Uye kana vanhu vasina Mweya Mutsvene, vanozonyengerwa nazvo.

104 Zvino, ngatiregei kutora zvakataurwa nemumwe munhu. Zvino, hapana Rugwaro rwunoratidza izvozvo. Saka ndaizozvitora sei izvozvo? Saka, ngationei kuti chii chaizvo chiri kuiswa chisimbiso. Tarisai! Akauya kuzozviita izvozvo, kuti asimbise chiratidzo nechiporofita.

105 Zvino, ngatimbodzokerei kuBhuku raDhanieri, kwatanga tiri. Uko muBhuku raDhanieri, tichaona zvaRakataura. Zvino

ngativhurei kuna Dhanieri chitsauko 12. Zvino, patinosvika kuna Dhanieri 12, zvino, tinogona kutanga. Uye toverenga kubva . . . Pamunoenda kumba, ndinoda kuti muverenge kubva pandima 1 zvichienda mberi. Ngatingoverengai kubva pandima 1, zvichidzika kune yechi 4.

> Zvino *nenguva* iyoyo Mikaeri achamira . . . *muchinda mukuru acha*mirira *vana vevanhu vako:* . . .

Zvino, izvi zviri panguva yekupedzisira.

> . . . uye *ichavapo nguva* yekutambudzika, *isina* kumbobvira yavapo *kubva* . . . *nyika* . . .

Ndipo apo antikristu, mutasvi weChisimbiso Chekutanga anobuda, paanoitika.

> . . . kunyangwe kusvika pa*nguva* ino: . . .

Kwete panguva iyo apo Tito akatora masvingo eJerusarema. Paingova panzvimbo imwe chete. Tarisai apo antikristu uyu, muchinda uya aifanira kuuya, tarisai paanouya.

> . . . kunyange kusvika pa*nguva* imwe chete*: nenguva iyoyo vanhu vako* vachadzikinurwa, *ivo vose* avo *vachawanikwa vakanyorwa mubhuku.*

Hareruya! "Vanhu vako," Israeri, "vachanyorwa mubhuku."

> *Zvino vazhinji vevavete* muguruva renyika *vachamuka, vamwe* ku*hupenyu husingaperi,* ne*vamwe mukunyadziswa* nekuzvidzwa *kusingaperi.*

106 Ko zvaigona kuva zvakadaro chirudzii kuti pave apo Tito paakatora masvingo eJerusarema? Paigona kuva pari ipo sei? Hapaigona kuve ipapo. Munoona, ari kutaura nezve nguva yekupedzisira, parumuko. Ndizvozvo here? Zvino:

> Zvino avo *vakachenjera vachapenya sokupenya kwekudenga; uye* avo vanotendeutsa kubva . . . vanotendeutsa *vazhinji mukururama* . . . *nyeredzi nokusingaperi* . . .

Teererai! Hekunoi uku, kusimbiswa chaiko, kwechokwadi.

> *Asi iwe,* O *Dhanieri,* pfigira *mashoko,* uise *chisimbiso* pa*bhuku,* kunyangwe *kusvikira kunguva yokupedzisira:* . . .

107 Chii ichocho? Oo, hareruya! munozviona here, kirasi? Chizaruro ichi chaJesu Kristu, uye necheSimba raKe, cheKuuya kwaKe, chenguva yekupedzisira, chakapfigwa kusvikira panguva ino. Ndizvo zvaAkauya kuzoita. Zvakavanzwa kubva kune nyanzvi dzedzidzo; ndosaka vachida kuisa,"kuisimbisa," kumashure-shure uko, "kusina vaporofita," uye zvese hazvo kumashure-shure. Hazvina musoro. Asi chiratidzo, chiratidzo ichi, chakaiswa chisimbiso kusvikira pano chaipo zvino. Uye ipapo ndipo pandiri kuisa kutenda kwangu, kuti Mwari vachazarura mavhiki makumi manomwe iwayo. Ameni! "Chiise

chisimbiso," Akati, "kusvikira panguva yekupedzisira. Vhara Mashoko uye uise chisimbiso paBhuku kusvikira panguva yekupedzisira."

108 Chii chaAkaita? Kusimbisa chiratidzo nechiporofita! Dhanieri akange aporofita zvinhu izvi. Akanga azviona muchiratidzo, uye Mutumwa akadzika zasi kuzosimbisa chiratidzo, nekusimbisa chiporofita. Vanogona kuzviverenga, asi havagone kuzvinzwisisa, kusvikira panguva yekupedzisira. Nguva yekupedzisira, ndeipi nguva yekupedzisira? Kupera kwevhiki rechimakumi manomwe, apo muchinda uya, antikristu, achazarurwa, panguva ino, achizviita Mwari pachake. Tinoziva sei kuti izvi zvakaiswa chisimbo kusvika panguva yacho? Dhanieri achangopedza; ichi ndicho chitsauko chekupedzisira chaDhanieri.

109 Hanzvadzi Simpson vanditaurira masikati ano, vati, "Hama Branham, ndakaverenga Bhuku rose raDhanieri. Ini—ini handina kana chimwezve chandakamboziva zvakare pandakamira, ndapedza, kupfuura zvandakaita pandakatanga." Hezvinoi izvi, Hanzvadzi Simpson, kana muri pano manheru ano. Ndinotenda ndinovaona vakagara neche uko. Handina kumbotaura chinhu mutirera. Ndaramba ndakanyarara, nekuti ndafunga kuti zvichida ndaizosvika pazviri.

Asi, chiratidzo chakanga chaonekwa naDhanieri, zasi uko parwizi, chakaiswa chisimbiso, "kusvikira panguva yekupedzisira." Zviri . . . Regai ndingoenderera mberi ndozviverenga pano. Maona?

> *Asi iwe, O Dhanieri, vanza mashoko,* uye uise chisimbiso pa*bhuku, kusvikira* panguva yekupedzisira: *vazhinji vachamhanya pose-pose, nezivo icha*wanda.
>
> Zvino *ini Dhanieri ndakatarira,* uye, tarira, ipapo pamire . . . *vaviri,* . . . *mumwe kudivi* rimwe . . . *rerwizi, uye* mumwe kune rimwe *divi* remahombekombe *erwizi.*
>
> Uye *mumwe akati kumurume akapfeka hanzu dzeri—rineni, akanga ari pamusoro pemvura yerwizi, Inguva yakadini kusvikira pakuguma kwezvishamiso izvi?*

Zvino teererai.

> Zvino *ndakanzwa murume wakanga akapfeka hanzu dzerineni,* uyo *akanga ari pamusoro pemvura yorwizi,* paakasimudza *ruoko rwake rwerudyi neruoko rweruboshwe kudenga, ndokupika naiye ano*rarama *nokusingaperi*-peri *kuti zvichava zvenguva imwe,* nguva, *nehafu* yenguva; . . .

Zvino, tinowana chaizvo—chaizvo nemazvo, "Nguva, nguva, nehafu yenguva." Zvino tarisai patinosvika mumavhiki makumi manomwe aDhanieri, kuti zvinobuda sei. Ndipo

pachazozarurwa chakavanzika. Zvakanaka. "Nguva, nguva, nehafu yenguva."

> . . . uye paacha . . . *("iye,"* chisazitasingwi zvino, antikristu) . . . achapedzi- . . . *apedza apedza* kuparadzira *simba revanhu vatsvene,* (ndipo paanotyora sungano yake pakati pevhiki), *izvi* zvinhu *zvese zvicha*zadzikiswa. (Ameni.)
>
> Zvino *ndakanzwa, asi handina kuzvinzwisisa: ipapo ndikati, O . . . Ishe,* chii chichava kuguma *kwezvinhu izvi?*
>
> *Iye akati, Chienda* nenzira yako, *Dhanieri: nekuti mashoko akapfigwa* pamwe nokuiswa *chisimbiso* kusvikira *panguva ye . . .* [Ungano inoti, "*Kupedzisira.*"—Mupepeti]

Oo, musakanganwa izvozvo!

> . . . kusvikira *panguva yokupedzisira.*
>
> *Vazhinji* vachacheneswa, nokuitwa vachena, nokuyedzwa; *asi vakaipa vachaita zvakaipa:* uye *hakuna* wakaipa *achanzwisisa; Asi vakachenjera vachanzwisisa.*

110 Mharidzo yenguva yekupedzisira ichazvizarura; zera rekereke rekupedzisira. Kubwinya! Fiyuu! Hezvoka izvo! Oo, ini zvangu! Zvinondizunguza, kufunga nezvazvo, chakavanzika! Zvinhu izvo chechi yenyika inobwairira maziso ayo, uye yoti, "Hazvina maturo." Chakavanzika chekuti Jesu Kristu Aive ani; kwete Munhu wechitatu, kwete Munhu wechipiri, kwete Munhu wechitatu, asi Munhu *chaiye* waMwari. Zvese zvimwe zvakavanzika izvi zvaMwari zvichazarurwa, nekuti zvakanyorwa pano muBhuku rino, uye zvoziviswa kuchizvarwa chenguva yekupedzisira. Havambokwanisi kuzviona mumaseminari, nezvikoro, nemasangano, semaJudha asina kukwanisa kuona Jesu ari Mesia wacho. Ndosaka vachiedza kufunga kuti unopenga. Ndosaka vachifunga kuti uri benzi. Ndosaka vasingakwanise kunzwisisa kuti sei iwe usingadyidzani navo. Nekuti, pane Simba uye nechiratidzo shure kwazvo, Shoko raMwari rakazarurwa, kuisa Chechi muhurongwa kuitira Kubvutwa nekuenda Kumusha. Hongu. "Vazhinji vachamhanya-mhanya, uye ruzivo rwuchawanda." Zvirokwazvo.

111 Zvino, ndechipi chimwe chinhu chichazivikanwa? Tarisai nhasi, kumachechi. Hezvinoi izvi. Ndinovimba kuti hazvirwadzise, asi ndinofanirwa kuzvitaura. Kugadzira . . .

112 Nezuva iroro kuchava naantikristu achasimuka.

113 Zvino, rangarirai, patinopinda muZvisimbiso, antikristu iyeye anotasva kunobuda kunze ari pamusoro peZvisimbiso izvozvo. Dhanieri akataura nezvazvo pano, "Muchinda aizouya."

Aizogurwa, Jesu aizodaro, kuitira yananisiro yevanhu. Asi, "Muchinda iyeye aizosimuka, anokonzeresa chinyangadzo kuti chiite dongo," yaive Roma, kuburikidza naTito. Uye nguva ino, muchinda ari kubuda kubva muRome, achazviita. Uye achazarurwa muzuva rekupedzisira, zvino teererai, "achizviita Mwari," sekuyambirwa kwatinoitwa neMweya Mutsvene muna VaTesaronika veChipiri, 2.

Ngatingoendai kwairi, VaTesaronika veChipiri, uye ipapo munenge musina shoko rangu asi Shoko raMwari. VaTesaronika veChipiri, chitsauko 2 uye ndima 12. Ngationei. VaTesaronika veChipiri, chitsauko 2 uye ndima 12. Ngationei. Ngatitangirei pamusoro payo, ndima 7.

Nekuti chakavanzika chekusarurama chotoshanda: . . .

(Uyu ndiPauro ari kutaura, neMweya Mutsvene.) . . .

asi chete—*asi* chete *iye* uyo anotendera *zvino* achamurega, kusvikira abviswa munzira.

Ndiani "Iye" pano? Pane munhu angazivawo here? Mweya Mutsvene, "Iye anotendera."

Uye *ipapo* (apo) *iye* Wakaipa achazarurwa, . . .

Riinhi? Panguva iyo Mweya Mutsvene achange ari kubviswa, uyo ari kugadzirira kuenda zvino. Sei Ari kuenda? Ari kutora Chechi pamwe naYe. "Zvakazarurwa!" Pauro achitaura, pasi pekufemera.

. . .*uyo Ishe* vachamuparadza *nemweya wemuromo wake,* uye *achaparadza* nekupenya *kwekuuya kwake:* (wakaipa, ndizvo chaizvo)

Kunyange iye, *kuuya kwake iye* kuri kushanda kwa*Satani nesimba rose nezviratidzo* nezvishamiso *zvenhema,*

"Tiri chechi hurusa. Tine *izvi*. Tine *izvi*. Imi mose batanai pamwe chete," maona. "Tisu vepamusoro-soro." Zvishamiso zvenhema!

Uye *nekwose* . . .*kwekusarurama* muna ivo *vanoparara; nekuti havana kugamuchira* zver*udo rwezvokwadi, kuti* vazoponeswa.

Uye nekuda kwechikonzero ichi *Mwari* vakavatumira kunyengereka *kwakasimba*, *kuti* vafanire ku*tenda nhema* vafanire ku*tenda nhema:*

Uye *kuti ivo* . . .vazotongwa avo *vasina kutenda zvokwadi, asi* vano*farira zvisakarurama*.

114 Muri kuzvibata here? Oo, ini zvangu! Zvino, Pauro achitaura. Nguva iyo Chisimbiso chaMwari chiri kuziviswa, Mweya waVo, Zita raVo, nyasha dzaVo, zvimwe zvakavanzika zvikuru zvese izvi zviri kuitika zvino, zvirongwa zveChechi yaVo kuti ipinde

muKubvutwa; kudururwa kweMweya Mutsvene kwakaita izvi. Ndizvo zvaVakaita mumazuva ekupedzisira.

115 Zvino, ngationei. Tine nguva here yeichi chekupedzisira? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Chechitanhatu, "Kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene." Oo, ini zvangu! Hechinoi chacho! Chinhu chekupedzisira chaAri kuzoita, chiri kuzoitei? Zvino, ngatimbodzokerai kuna Dhanieri, kuti tione zvose zvaAchaita pano chaipo. "Mavhiki makumi manomwe." Chii chinofanirwa kuitwa munguva iyi? Zvakanaka.

> . . . *akatemerwa* pa*vanhu vako* uye . . . *guta rako dzvene, kupedzisa* kudarika (kudarika kwevanhu), . . . *kugumisa* chivi (chevanhu), *nekuyananisira* kusarurama kwavo, *uye nekuuyisa kururama kusingaperi* (kwemaJudha), *nekusimbisa* chiratidzo nechi*porofita* (kusvikira panguva yekupedzisira), *nekuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene.*

Ndicho chikonzero chakapetwa katanhatu chekuuya kwaKe.

116 Zvino, "kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene." Zvino, izvi zvinogona kushamisa zvishoma kwechinguvana chete, kune vazhinji venyu vadzidzisi, asi zvino chimbomirai zvishoma chete, mongoona mabudiro azvinoita.

117 Uku kuzodzwa, kwete kwemunhu. Jesu akatozodzwa kare. Ndizvozvo here? Bhuku raMabasa rakataura kuti Mwari vakazodza Jesu neMweya Mutsvene; Akafamba kwese-kwese achiita zvakanaka, nekupodza vanorwara, nezvimwe zvakadaro. Jesu, atori. Ndiye Mesia. Zvino *Mesia* zvinoreva "Muzodziwa." Ndizvozvo here? Asi pano panguva yekupedzisira, Anofanira kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene.

118 Chii "Nzvimbo tsvene-tsvene"? Pamaonero angu andinozviita, ayo andinotenda kuti ndinogona kuaratidza neRugwaro, kuzodza "Nzvimbo tsvene-tsvene," ichava Tabhanakeri ichazoshandiswa munguva yeMireniyamu. Zvino teererai, munoona kuti sei ndichizviwana. Zvakatsanangurwa muna Ezekieri, chi—chitsauko 4, iyo . . . Kwete, ndinoreva chitsauko 43, ndima 1 ne 6. Ngatidzokerei kuna Ezekieri uye tione kuti anofananidzira sei muMireniyamu, kuti vachazodza sei iyo . . . Ezekieri 43, zvino regai tingoverenga zvishoma pano zvino tione zvaAchaita muMireniyamu ino, kuzodza. Muna Ezekieri 43, zvakanaka, uye zvino ngatitangirei pandima 1, kusvika 6. Munogona kuverenga yese mushure mekunge masvika kumba, handitika, imi muri kunyora pasi, Ezekieri 43. "Shure kwezvo . . . "

119 Zvino, tarisai, tsananguro yeTemberi ichavakwa muMireniyamu. Zvino, chero munhu, chero muverengi anoziva, kuti kubva pana Ezekieri chitsauko 40, kusvika panenge pachitsauko 44, hapana chimwe chinhu kunze kweTemberi

yemuMireniyamu iri kuvakwa panyika, (chero ani zvake anozviziva, munoona), apo kubwinya kwaShe kunoizadza, nezvimwe zvakadaro. Zvino tiri. . . kuzotsanangura Temberi iri muchitsauko 43, uye ndima 1 kusvika 6.

> *Pashure* akandiunza *kusuwo,* kunyange *suwo* raive *rakatarisa kurutivi rwamabvazuva:*
>
> *Zvino, tarira, kubwinya kwa. . . Mwari waIsraeri kwakabva nenzira yokumabvazuva:* uye *inzwi rakanga rakaita* seinzwi re*mvura zhinji:* uye *pasi* rose *rakapenya nokubwinya.*
>
> Zvino *zvakanga zvakafanana* nemamiriro echiratidzo cha*ndakaona,* kunyangwe kufanana nechiratidzo chandakaona pa*ndakauya kuzoparadza guta: zvino* chiratidzo chaiva *chakafanana* nechiratidzo cha*ndakaona parwizi rwaKebhari;* zvino *ini ndikawira pasi nechiso changu.*
>
> Zvino *kubwinya kwaJEHOVHA—kubwinya kwaJEHOVHA kwakapinda mumba nenzira yesuwo rakatarisa* kudivi *ramabvazuva.*
>
> Saka *mweya wakandisimudza, ukandiisa muruvanze rwomukati; zvino, tarira, kubwinya kwaJEHOVHA kwakazadza imba.*
>
> *Zvino ndakamunzwa* achitaura *kwandiri kubva mumba;* zvino *murume* wacho *akamira neni.*

120 Kuzodza, kuzodza Temberi iyoyo kuitira humambo hwemuMireniyamu. Zvino cherechedzai muna Revhitiko. Zvino tarisai kuti yakakumikidzwa sei muna Revitiko. Zvino, kana tikadzokera kuna Revitiko, tinoona kuti Mosesi akazodza temberi. Ngatimbodzokerai apo tiri pazviri. Tine nguva yakawanda zvakadaro. Uye ngatidzokerei kuna Revitiko uye tione kuti Mosesi akazodza temberi riinhi, pana Revitiko chitsauko 8.

121 Oo, ndinongoda kuenzanisa Magwaro aya neMagwaro. Hamuzvidi here? Uye ipapo mu—muchange mangova nemu—mu—mufananidzo weizvo—weizvo zvatiri kutsvaga uye nezvatiri kuita. Zvino, chero ani wenyu anoziva kuti tiri kungoshandisa Rugwaro zvino ipapo, pazviri.

122 Zvino, chitsauko 8 chaRevitiko, uye ndanyora pasi pano apa, ndima 10. Cherechedzai Revitiko 8:10. Ngationei.

> *Zvino Mosesi akatora mafuta ekuzodza nawo*, ndokudira mafuta ekuzodza, *akazodza tabhanakeri nezvose zvakanga zvirimo,* akazvichenesa.
>
> Uye. . . *akasasa mamwe kanomwe paaritari, . . .* akazodza aritari nemidziyo yose, zvose *mudziyo wokushambidzira nechigadziko chawo,* kune. . . *kuti* azvichenese.

Uye *akadira . . . mafuta ekuzodza nawo pamusoro waAroni,* uye *akamuzodza,* kuti amuchenese.

123 Mosesi, ari murenje, achichenesa, kana kuzodza tabhanakeri yekunamatira, kuitira vana vaIsraeri pavaive parwendo rwavo. Yakazodzwa.

124 Zvino, muna Makoronike eChipiri, vhurai, uye tichaona kukumikidza kuti apo Mweya Mutsvene wakatora hugaro waHwo patabhanakeri, uye tarisai zvakaitika zvino. Muna Makoronike eChipiri chitsauko 5, zvino ngatitangirei pandima yechi 13. Makoronike eChipiri chitsauko 5, uye kutangira pandima 13.

Uye zvaka . . . itika, *apo* hwamanda *nevaimbi* vaive . . . kuti vaite ruzha rumwe kuti rwunzwike . . . *vachirumbidza* nekupa kutenda kwa*JEHOVHA;* zvino *vakati vasimudza* manzwi *avo* pamwe *ne*hwamanda *namakandira nezvokuridza* zvemumhanzi, uye vachirumbidza *JEHOVHA, nekuimba, Nekuti wakanaka;* uye tsitsi *dzake dzinogara nokusingaperi:* zvokuti *ipapo imba* yakazadzwa *negore,* kunyange *imba yaJEHOVHA;*

Zvekutoti *vaprisita* vakamira . . . *vaprisita vakanga vasingagoni kumira pabasa* vachi*shumira nekuda kwegore: nekuti kubwinya kwaJEHOVHA* kwakange *kwazadza imba yaMwari.*

125 Mwari vakapinda munzvimbo tsvene yaifanira kuzodzwa, uye ikapihwa kwaVari kuti vanhu vauye kuzonamata. Saka, kuzodza, kwete nzvimbo "yenyu tsvene," asi kuzodza nzvimbo "Tsvene-tsvene." Uye tinocherechedza, kuti, Jerusarema Idzva ndiyo nzvimbo "Tsvene-tsvene." Uye chizoro chichange chiri pamusoro peJerusarema Idzva rinoburuka kubva kuna Mwari richibva Kudenga, rakagadzirirwa somwenga akashongedzera murume wake. Chizoro chichange chiri pamusoro pavo.

126 Zvino, Zerubhabheri paakakumikidza temberi yake, mushure mekunge yavakwa zvakare, haina kuzodzwa zvakare, nekuti yakanga yakatozodzwa kare; uye yaive yakapunzirwa pasi, zvino yakange yangorairwa zvakare. Kuparadzwa kwakange kwauya kwairi. Yakanga yarairwa zvakare uye ikavakwa, saka pakanga pasisina zvokuizodza zvakare. Payakazodzwa imwe nguva, kwakaramba kuchienderera mberi, uye kunoenderera mberi kusvikira panguva ino chaiyo. Asi kana Mwari vamisa Tabhanakeri yemuMireniyamu, Vachazodza Nzvimbo tsvene-tsvene; kwete "yenyu tsvene," asi "Nzvimbo tsvene-tsvene."

127 Asi kana Mambo vatora Chigaro chaVo chehumambo kwechiuru chemakore, (Kubwinya!) zvapera zvino. Kuzodzwa kwenzvimbo Tsvene-tsvene ndicho chichava chinhu chekupedzisira kutora nzvimbo. Kana Tabhanakeri yavakwa; rumuko rwauya; maJudha adzoka; Kristu neMwenga waKe

vauya; muJudha, zviuru zana zvinemakumi mana nemana zvasimbiswa; Mireniyamu yakaitika. Pachave nechizoro apo Nzvimbo tsvene-tsvene ichazodzwa; tsvene, Nzvimbo tsvene-tsvene, uye Nzvimbo tsvene-tsvene. Apo, Nzvimbo tsvene-tsvene ndiyo nzvimbo tsvene yaigara Mwari, pakati pemaKerubhi. Uye, panguva ino, Kristu achagara muNzvimbo tsvene-tsvene, aine chizoro paAri. Uye havazodi zuva ikoko, nekuti Gwayana riri pakati peGuta richava Chiedza. Zuva harife rakanyura muGuta iroro, sezvaisitaurwa namutana Sekuru Jim. Uye harizombofi rakadaro, nekuti Kristu ndiye achave Chiedza ichocho, Muzodziwa. Uye Mambo achauya otora Chigaro chaKe chohushe kwechiuru chimwe chemakore, kuti atonge.

128 Jeremia 3:12-18, kusanganisira neepakati, ngatiiverengei. Muna Jeremia chitsauko 18, ndinotenda. Hongu. Kwete, chitsauko 12, ndiregerereiwo, chitsauko 12 chaJeremia, uye ngatitangei ne—ne. . .Jeremia 3, ndiregerereiwo. Jeremia 3, nda—ndanyora pasi apa, apo, ndiri mukunzvera, Mweya Mutsvene uchingondifambisa kubva panzvimbo kuenda pane imwe nzvimbo, ndakangonyora izvi pasi nepese pandaigona napo. Jeremia 3, uyezve 12 kusvika 18, kusanganisira neepakati. Ngatiiverengei.

> *Enda unoparidza mashoko aya* kurutivi *rwokumusoro, uti, Dzokai, imi Israeri* yakadzokera *shure, ndizvo zvinotaura JEHOVHA;* uye handisi kuzoita kuti dzangu—dzangu. . .kuita kuti hasha dzangu *dziwire* pamusoro penyu: *nekuti ndine* tsitsi, *ndizvo zvinotaura JEHOVHA,* uye handingachengeti hasha *nekusingaperi.*
>
> Chingobvumai kusarurama kwenyu *bedzi,* kwa*makadarikira JEHOVHA Mwari wenyu,* uye mukaparadzira nzira dzenyu kumutorwa *pasi pemiti* wose wakasvibira, . . .

Ndizvo zvavakaita, kubva kumabvazuva, kumadokero, nyika dzese. Maona?

> . . .uye *mukasateerera* inzwi, *inzwi rangu, ndizvo zvinotaura JEHOVHA.*

"Tendeukai!" Teererai kune izvi.

> Tendeukai, Oo *imi vana* vakadzokera shure, ndizvo zvinotaura *JEHOVHA; nekuti* ini ndaka *(r-o-o-r- -a)* . . . ndakaroorana nemi: . . .

"Maziso avo aive akapofomadzwa, nekuti Ndakapa veMarudzi mukana. Asi, imi dzokai, nekuti Ndakaroorana nemi."

> . . .uye *ndichakutorai mumwe paguta rimwe,* uye *vaviri* vemumhuri, . . .

Havasi vese vanozvidaidza kuti maJudha vachapinda. Asi boka iroro rakasanangurwa richapinda, Bhenjamini mudiki iyeye akauya zasi ikoko pamberi paJosefa, boka iroro rakabva kumarudzi ose, mumwe kubva muguta, uye nekubva mumhuri.

> . . . ndichakuunzai ku*Zioni:*
>
> *Uye ndichakupai* mufudzi zvinoenderana ne*moyo* wenyu, uyo achakupai chikafu cheru*zivo* uye nekunzwisisa.
>
> *Zvino* zvichaitika kuti, *kana* muchinge *mawanda nokuwedzerwa panyika, pamazuva iwayo, ndizvo zvinotaura* J*EHOVHA,* havachatizve, *A—areka yesungano yaJ*EHOVHA*:* uye *havangaifungi* zvachose*:* kana ivo *havangairangarira;* kana ivo—ivo *havangaishanyira;* uyewo hazvingazomboitwizve zvachose.
>
> *Panguva iyoyo vachatumidza Jerusarema chigaro choushe chaJ*EHOVHA*;* (sezvo Achange ariko, munoona), uye rudzi rwose rwuchaungana (hareruya) kwariri, ne*zita raJ*EHOVHA*, paJerusarema: havachazofambi* zvachose nemifungo yavo voga mune zvakaipa zve*moyo* yavo.

129 Ndipo pachazodzwa Guta iroro. Ndipo pachazodzwa Jerusarema Idzva. Uye marudzi ese eGuta . . . Uko muna Zvakazarurwa chitsauko 22, yakati masuwo haazovharwi nehusiku, nekuti kunenge kusisina husiku ikoko. Uye madzimambo ese epanyika achaunza rukudzo rwavo nekubwinya muGuta iri. Masvingo aro achange ari edombo rejaspisi uye nesadhisi, mhando dzemabwe gumi nemaviri; uye masuwo anegumi nemaviri achava eparera rimwe rakasimba, rimwe chete pasuwo rega-rega. Kuchange kusingadikanwi kenduru imomo. Hakuzombovi kuine chiedza chezuva zvakare, nekuti Gwayana riri pakati peGuta ndiro richava Chiedza. Uye Achatungamira vanhu vaKe kuenda kuHupenyu husingaperi. Pachave nemiti miviri yakamira, mumwe kudivi rimwe nerimwe rerwizi, uye iyo iri yekupora kwenyika. Ndiye Muzodziwa iyeye achauya, Guta Dzvene richidzika kubva kuna Mwari richibva Kudenga, richiuya panyika.

130 Ngatitorei zvino kuti zvii zvichaitika panguva iyoyo. Oo, munozvida here? Ngativhurei kuna Isaya 65, kwechinguvana. Zvakanyanyisa kunaka kuti tizvichirike. Zvakangonyanyisa kunaka kuti tizvisiye. Kunogona kunge kuri kuti pisei zvishoma, asi ngatirambei tichifamba.

131 Isaya 65, teererai zvichaitika panguva iyoyo. Uye chingozvibvunza, shamwari mutadzi, kana iwe—kana iwe uchikwanisa kupotsa izvi. Isaya 65, ngatitangirei sepandima 17. Teererai, munhu wese, nepedyo zvino. Izvi zviri munguva yeMireniyamu, apo Nzvimbo tsvene-tsvene inozodzwa.

Nokuti, tarirai, ndinosika matenga matsva *uye*. . . *nyika itsva: uye* ye*kare haingarangarirwi, kana* kuuya mumufungo.

Asi ivai. . . muno*fara* mupembere. . . kunyangwe *pamusoro pezvandinosika: nekuti, tarirai, ndinosika Jerusarema*. . . *ndinosika Jerusarema,* (ndiro Jerusarema Idzva), mufaro, *uye nevanhu varo* mufaro.

Chii chizoro? Mufaro waShe.

. . . *kusika Jerusarema rive* mufaro, *navanhu varo* mufaro. Uye *Ndichafarira Jerusarema,* . . .

Mambo muChigaro chehushe, pahumambo hukuru hweChigaro chehushe, Chigaro chemuna Ziyendanakuenda, uye nevanhu vemuna Ziyendanakuenda vane mufaro wemuna Ziyendanakuenda muGuta remuna Ziyendanakuenda! Oo, ini zvangu!

Zvino *ndichafarira Jerusarema, nokuva nomufaro* muvanhu *vangu:* uye *hamuchazonzwiki inzwi* rekuungudza *mukati maro, kana inzwi* rekuchema.

Hakuchazovipozve ikoko. . . mucheche wemazuva *mashoma, kana mutana asina* kuzadzisa mazuva *ake: nekuti mwana achafa* ave nezana ramakore*;* asi *mutadzi* aine *makore zana achatukwa.*

Uye *vachavaka dzimba, nokugaramo;*. . . *vachasima minda yemizambiringa, uye* vagodya *michero yayo.*

Havazovaki *dzimba, mumwe achizogaramo;* (kureva kuti, unofa uye mwanakomana wako otora nzvimbo yako) . . . *kuvaka, mumwe*wo *achizogaramo; havangasimi, mumwe achizodya* pazviri: *nokuti semazuva emuti* achava *mazuva evanhu vangu, uye vasanangurwa vangu vachapedza nguva refu vachafarira* mabasa e*maoko avo.*

Havangabatiri zvisina maturo, kana kuunza zvova matambudziko*; nekuti* imbeu ye*vakaropafadzwa yaJehovha*, uye vana *vavo* vai*navo.*

Uye zvichaitika kuti,. . . *vasati vadana,* ini *ndichavapindura;*. . . (Chizoro ichocho chakabwinyiswa, chiri kuseri kweKerubhi!) . . . *ndichapindura;* uye vachiri ku*taura, ndichanzwa.*

Mhumhi *negwayana zvichafura pamwe chete,*. . . *shumba ichadya huswa senzombe: guruva richava zvokudya zvenyoka.* Zvino *havangakuvadzi kana kuparadza* mu*gomo rangu rose dzvene, ndizvo zvinotaura Jehovha*. (Ungazvipotsa here? Kwete!)

132 Todzokera kumashure uko zvakare, naIsaya achitaura zvakare, pachitsauko 11, ndima 1 kusvika 9. Teererai

zvaanotaura pano zvakare, paanobata chiratidzo, mushure mekunge aona vakadzi, maitiro avachange vachiita mumazuva ekupedzisira. Ni- . . . Zvino, Isaya 11, kusvika 1.

> *Zvino pachabuda* tsvimbo kubva *pahunde yaJese, . . . Davi* iro richakura kubva *mumidzi* ya*ke:* (Aiva ani? Kristu.) . . . *kubva* mu*midzi yake:*
>
> Uye *mweya waJEHOVHA uchagara pamusoro pake, mweya* wehuchenjeri, newekunzwisisa, *mweya* wekuraira . . . *simba, mweya* wezivo *uye . . . nokutya JEHOVHA;*
>
> *Uye* uchamuita kuti ave kunzwisisa kunokurumidza mu*kutya JEHOVHA: uye haangatongi nokungoona nameso* ake *bedzi, kana . . . nokungonzwa* kwe*nzeve dzake:*
>
> *Asi nekururama* achatonga *varombo, nekutsiura* kusarurama kwavo kune *vanyoro venyika:* uye *acharova nyika* netsvimbo *yomuromo wake,* uye nokufema *kwemiromo yake* achauraya *vakaipa.*
>
> Vakarurama vachasungwa zviuno, uye vakatendeka *bhanire* remuzviuno zvavo.
>
> Uye nemhumhiwo *ichagara negwayana, uye ingwe ichavata pasi nembudzana* (ndiyo mbudzi); *nemhuru nemwana weshumba nechipfuwo chakakora . . .* kana mhuru, kana kuti *shumba nechipfuwo pamwe chete; uye mwana mudiki achadzitungamirira.*
>
> *. . . mhou nechitsere zvichafura; . . . vana vadzo* (uye) *dzichavata pamwe chete: uye shumba ichadya uswa senzombe.*
>
> *Uye mwana anoyamwa achatamba* pamusoro pe*mwena wenyoka, uye mwana akarumurwa achaisa ruoko rwake* mumwena wechikara.
>
> *Hazvingakuvadzi kana kuparadza* mumakomo angu ose matsvene*: nekuti nyika ichazara* neruzivo . . . *se*mvura inofukidza *gungwa.*

Hum! Ndeumo muJerusarema Idzva racho. "Idzva" racho. *Davi,* pano, rinotaurwa nezvaro, riri Davi raDhavhidhi. "Ndiye zvese Davi neBukira."

133 Zvino, mushure meizvi, Mwenga unoonekwa. Mushure memavhiki makumi manomwe, Mwenga unoonekwa muna Zvakazarurwa chitsauko 19, vhesi 1 ne 16. Unosvika pamwe neChikomba chaWo, Mambo ane simba. Oo, ini zvangu! Handizive kana tichazviwana zvese kana kuti kwete. Ndangozvitora sokuti . . .

Saka, ngatingoverengai chikamu cheichi, zvisinei hazvo. Hepano pachauya Mwenga, mushure meizvi. Maona? Mushure

mekunge Mireniyamu yatanga, ipapo Kristu anobva adzoka neMwenga. Ndizvo, 1 kusvika 16, uye chitsauko 19.

Uye mu*shure* mezvinhu izvi . . .

Mushure menguva yeKutambudzika iyi; mushure meNhamo; mushure meZvisimbiso; mushure meMatenda; mushure mekudzingwa kwaSatani; mushure mekugadzwa kweMireniyamu. Tarisai!

. . . mushure mezvinhu izvi ndakanzwa . . . izwi revanhu vazhinji kudenga, richiti, Hareruya; Ruponeso, nekubwinya, . . . kukudzwa, . . . simba, kuna Ishe Mwari wedu:

Nekuti kutonga kwenyu *ndekwe chokwadi uye kwakarurama: nekuti wa*kange *atonga mhombwe huru, yakaodza nyika nehupombwe hwayo,* uye *akatsiva ropa revaranda vake paruoko rwayo.*

Uye zvakare iye . . . ivo . . . Uye zvakare vakati, *Hareruya. Uye utsi hwaro* hwa*kakwira* kumusoro *nokusingaperi-peri.*

Ndiyo chechi yekare chipfeve, "hutsi hwayo hwakakwira mudenga."

Zvino vakuru vanamakumi maviri nevana nezvisikwa zvipenyu zvina vakawira pasi vakanamata Mwari akanga agere pa*chigaro chehushe,* vachiti, *Ameni;* Hareruya.

Zvino *inzwi rakabuda* kubva *pachigaro chohushe, richiti, Rumbidzai Mwari* wedu—*Rumbidzai Mwari* wedu, *imi mose varanda vake,* nemi *munomutya,* zvese *vaduku nevakuru.*

Zvino *ndakanzwa sekunge* raiva *inzwi* revanhu *vazhinji, . . .*

Teererai! Hezvoka izvo, Chechi. Mushure mekunge Yakwira kumusoro muchitsauko 3, heinoi Ichiuya. Maona? Uye zvino chitsauko 6.

Zvino *ndakanzwa senzwi* revanhu *vazhinji-zhinji,* uye *senzwi remvura zhinji, uye sezwi re*kutinhira kune simba, *richiti, Hareruya: nekuti Ishe Mwari wemasimba ose* anotonga.

Hareruya! Tarirai! Muchato weGwayana unouya zvino. Heunoi Mwenga achiuya.

Ngatifarei nekupembera, *timukudze: nekuti* muchato *weGwayana wasvika,* uye *mudzimai waro* wa*zvigadzirira.* (Heunoi Achiuya, vese, Mwenga neChikomba.)

Uye kwaari kwa*kapiwa kuti apfeke mucheka wakanaka, wakachena uye* uri muchena*: nekuti mucheka wakanaka ndiwo . . . kururama kwevatsvene.*

Zvino akati kwandiri, Nyora, Vakaropafadzwa avo *vakadanwa kuchirariro che*muchato we*Gwayana. Zvino* akati *kwandiri, Awa ndiwo . . . mashoko ezvokwadi aMwari.*

Zvino *ndakawira* pasi *patsoka kuti ndimunamate.* Zvino *akati kwandiri, Rega* kudaro: *Ndiri muranda pamwe chete newe, . . . hama dzako* uye *dzine . . . hama dzako* uye *dzine* huchapupu hwa*Jesu: namata Mwari: nekuti huchapupu* (hwaKristu) *hwaJesu ndiwo mweya* wechiporofita.

Zvino *ndakaona denga rakazarurwa, uye . . . bhiza jena; . . .* (oh ini zvangu!) . . . *naiye ainge* akakwira *pamusoro paro . . . ainzi Akatendeka neWezvokwadi,* uye . . . *zvakarurama anotonga uye nokurwa.*

Uye *meso ake* ainge *akaita se*mirazvo ye*moto,* uye . . . *musoro wake* paiva *pane korona zhinji; . . .*

Akagadzwa korona achinzi ani? "Mambo wemadzimambo."

. . . *uye akange ane zita rakanyorwa,* raisazivikanwa *nemunhu, asi . . . iye* pachake.

Zvino *wakange akapfeka nguvo* chena *yakanyikwa muropa: uye zita rake rinonzi Shoko raMwari.*

"Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Aive Ani? Jesu.

. . . uye *zita rake rinonzi Shoko raMwari.*

Uye mauto aive *kudenga akamutevera akatasva mabhiza machena,* vakapfeka *mucheka wakanaka, muchena uye* wakachena. (Kubwinya! Heunoi Uchiuya.)

Uye kubva *mumuromo make* munobuda *munondo unopinza, uno . . .* uye kuti *waifanira kurova* rudzi: uye . . . uchavatonga *netsvimbo yedare: anotsika chisviniro* chekutyisa kwehasha dza*Mwari Wemasimba ose.*

Zvino aive ane *panguwo yake napachidya chake pakange pakanyorwa zita rinoti, MAMBO WA*MAMBO, *NASHE WA*SHE.

134 Chaiva chii? Vanhu vaKe vainge vachangoMugadza korona kuti ave Mambo wamambo, uye naIshe wemadzishe. Achidzokera kuTemberi yaKe tsvene, yakazodzwa neHupo hwaMwari, kugara nekutonga muMireniyamu pamwe neChechi yaKe. Ameni! Kuonekwa, pamwe naMambo ane simba, kuti

atore nzvimbo yaKe parutivi rwaKe, Temberi itsva yakazodzwa yehumambo.

135 Zvino chinangwa chakapetwa katanhatu chaZvakazarurwa 6:1 kusvika kuna Zvakazarurwa 19:21 chazadzikiswa.

136 Teererai zvino, mukuvhara. Zvisimbiso Zvinomwe, Hwamanda Nomwe, Ndiro Nomwe dzematenda, Nhamo Nhatu, mudzimai ari muzuva, kudzingwa kwadhiyabhore, kana shato tsvuku, kunouya pakati penguva idzi munguva yeKutambudzika kukuru. Musazvikanganwe. Zvinhu zvese izvi zvinoitika panguva iyi.

Asi hechino chinangwa chakapetwa katanhatu cheKuuya kwaKe. Munozvitenda here? Inguva inobwinya zvakadii yakachengeterwa avo vanoda Ishe! Ndinokuudza, shamwari, hazvibviri kuti tizvipotse. Usapotsa izvozvo, pane chero chipi chaunoita. Iva nechokwadi!

137 Zvino, Svondo inotevera, kana Ishe vachitendera, Ndinoda kuratidza, kana Vakandibatsira, kuratidza chaipo-chaipo pane rimwe nerimwe remazuva manomwe aya, kwaakaitika, ndichiunza ichi chinhu chimwe chete—chimwe chete chandaita nhasi, nekuisa idzo nguva nomwe, mavhiki manomwe, mavhiki makumi manomwe munzvimbo chaiyo yenzvimbo tsvene yechiJudha, nekuratidza chaizvoizvo patiri kurarama pano kumagumo, Ishe vachitendera.

138 MunoVada here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Ungakwanisa here kupotsa Denga? ["Kwete."] Tave panguva yekupedzisira!

Chii chaAri kuuya kuzoita? Chinhu chekutanga chichaitika, Jesu asati ambouya panyika, chii chichava chinhu chekutanga? Chechi icha (chii?) ichabvutwa! Jesu achauya here panyika ofamba achitenderera paguva, nekukwazisana maoko nababa naamai, otaura nesu tese pano, uye tozoenda kumusoro? Kwete!

Zvichava sei? Iyo . . . Tinotaura izvi kwamuri, ne—neShoko raShe, "Kuti isu vapenyu uye vakasara . . ." VaTesaronika Vechipiri, chitsauko 5, "Isu vapenyu uye vakasara kusvika paKuuya kwaShe, hatizotadzise kana kudzivisa avo vakarara. Nokuti hwamanda yaMwari icharira; vakafa muna Kristu vachatanga kumuka: uye isu vapenyu vakasara tichabvutwa pamwe chete navo kuti tinosangana naShe mudenga." Tichabvutwa munguva pfupi, mukubwaira kweziso. Munguva iyoyo, zvinopedza Zera reChechi.

139 Zvino, zasi kuno panyika Mwari vanotanga kushanda nemaJudha. Kuchave nevaporofita vaviri. Chitsauko 11, tichazvinhonga izvozvo. Vaporofita vaviri vakazodzwa, saEria naMosesi, vandinofunga kuti ndivo. Zvino vachaunza kutukwa kukuru, mushure mekunge vaona kuti vabatanidzwa, uye Roma yaputsa sungano yayo, muchinda uya.

Pakati pevhiki iri rechimakumi manomwe, ichaputsa sungano yayo neRoma, kana kuti Roma ichaiputsa neIsraeri, uye zvichakonzera kuti chinyangadzo chitange kupararira. Uye kuchave nemafashama makuru, apo veMarudzi vakasara, mhandara yakarara . . . Chikara, Roma, yakasvipa mvura kubva mumuromo mayo, kuita hondo nevakasara vembeu yemudzimai vanochengeta mirairo yaMwari. Roma ichaita izvozvo.

140 Mubatanidzwa wechechi uchavabatanidza pamwe chete, nekuunza maJudha mukubatana uku, nekuvadzosa pakunamata kwavo chaiko kwemutemberi zvakare, mune ZVANZI NAJEHOVHA kubva muBhaibheri, uye vachava nechechi yavo pachavo.

141 Vave chii zvino? Ndangozvibata izvozvi chaiye. Zvitori zvitsva. Vave rudzi zvino, rwakacherechedzwa. Ndizvozvo here? Asi havasati vava nekunamata kwavo kwemutemberi nazvino. Uye pavanotangisa kunamata kwemutemberi, Chechi inenge yaenda. Mwari vanenge vave kushanda nemaJudha serudzi. Uye ipapo kana vaunzwa mumubatanidzwa uyu, Roma ichaiputsa pakati pegore rechimakumi manomwe, makore matatu nehafu, achaputsa sungano iyoyo navo, nekukonzera kuti chinyangadzo chinoita dongo chipararire kusvika kumagumo. Ipapo achatora vese muProtestanti, nemuJudha, ovatambudza. Munguva iyoyo, vaporofita vaviri ava vachasimuka uye votuka nyika, kuti mvura irege kunaya mumazuva echiporofita chavo. Uye vachadana Moto kubva Kudenga, nezvimwe zvese. Imi chingomirai. Tine zvakawanda zviri pano, zvatakachengeterwa, kuti tidzidze.

142 Oo, NdiMwari vakuru zvakadini! NdiBaba vane tsitsi zvakadii! Shamwari, regai nditaure izvi, semufudzi wenyu. Hamusi kuziva kodzoro dzakatsaurwa dzamusiri kushandisa. Hamusi kuziva. Kune varume vazhinji vakuru, kune vatsvene vazhinji, kune zviuru zvevanhu vatsvene vakafa mumakore akapfuura, Varume vakazadzwa neMweya vangadai vakada kuona zuva rino rauri kurarama mariri. Dai iwe neni tatora mukana waro.

143 Chii chimwe chatinofanira kutarisira kwachiri? Chii chatingaite mushure meizvi? Tiri kuenda kupi? Chii chichaitika? Tinofanira kuenda kune imwe nzvimbo. Haukwanisi kugara pano nguva dzese. Unogona kucheka huswa hwako; vhiki rinotevera hunoda kuchekwa zvakare; hongu, kaviri, nguva iyoyo isati yasvika. Unogona kurera vana vako. Unovapa kudya kwavo kwemasikati; panguva yekudya kwemanheru vava nenzara zvakare. Vape chikafu pakudya kwemanheru; vave nenzara zvakare mangwanani anotevera. Unovatengera peya yeshangu; kana vakaita sevangu, inenge mwedzi miviri kana mitatu unovatengera imwe peya. Unovatengera mbatya mwedzi uno; mwedzi kana miviri unovatengera mbatya itsva. Maona? Hakuna chinhu chiri kuenderera. Hakuna chinhu chakagadzikana. Hakuna chinhu chinogona kumira.

Usachiva pfuma yenyika ino isina maturo,
Inokasika kuparara,
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Hazvizofi zvakapfuura!

Nguva izere neshanduko inokurumidza,
Hapana panyika chisingazungunuke chinogona kumira,
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Teererai:

Kana rwendo rwedu rwapera, (Vachatizivisa kana rwapera.)
Kana kuna Mwari tanga takatendeka,
Wakanaka uye wakajeka musha wedu uri muKubwinya, (Guta riya rakazodzwa.)
Mweya yedu yakabvutwa ichaona!

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Usachiva pfuma yenyika ino isina maturo,
Inokasika kuparara,
Ingovakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Hazvizofi zvakaparara!

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Tichikotamisa musoro wedu, kana wanga usati wakambobata ruoko rwaKe, haungangouyi here uzviite zvino?

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

144 Musikana mudiki, iwe wave chimhandara chidiki, chakanaka zvino. Bvudzi rako diki rakanakisa, tumatama twako tudiki twakatsvukirira. Asi, unoziva, achazongova mangwana, kusvikira, paachapera. Ko tinoziva sei kuti svondo rinouya tupukanana tunenge tusingadyi, muvhu, matama iwayo akanaka, madiki, matsvuku?

145 Hama yechidiki, wakasimba, uri mukuru, mhasuru dzakasimba; une tarisiro huru. Asi mushure mechinguva,

mangwana chete, bvudzi iroro rakanaka, rakamonana richadonha, uye iro raunosara naro richachena. Mapendekete iwayo makuru, akatwasuka achakombamira pasi, uye tupukanana twuchatanga kudya mumaoko pamwe nemunyama. Vachakuisa kure, muguruva.

> Saka, vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
> Hazvizofi zvakaparara!
>
> Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
> Bata kune rwaMwari . . .

Ndinoda kuti usveverere mudenga uye ubate ruoko rwaKe zvino.

> Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
> Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
>
> Zvino kana rwendo urwu rwapera, (Rwuchava, rimwe zuva.)
> Kana kuna Mwari wanga wakatendeka,
> Wakanaka uye wakajeka musha wako uri muKubwinya,
> Mweya wako wakabvutwa uchaona!
>
> Ko wadini wabata ruoko rwaMwari rwusingashanduke!
> Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
> Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
> Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

146 Ndakaona zvionwa zvakawanda, angada kusvika makore makumi matatu nerimwe ndiri kuseri kwepurupiti. Ndakaona zvionwa zvinosuwisa; Ndakaona zvionwa zvakabwinyiswa. Chionwa chinonyanyisa kusuwisa chandati ndamboona muhupenyu hwangu . . . Kunyangwe ndakaona vana vaiziya nenzara mumugwagwa; Ndakaona vanaamai vachikumbira chimedu chechingwa chimwe chete. Chionwa chinonyanyisa kusiririsa chandakamboona, kuona munhu, munhu wenyama, uye anofanirwa kuve ari mwanakomana waMwari, achifa asingazive Mwari.

147 Ndinorangarira mukadzi akamira pamusuwo humwe husiku, wechechi ino, akandiseka. Ndokuti, "Handiregi mombe yangu ive nemhando yechinamato chaanacho!" Munguva isingasviki awa imwe, ndakashevedzwa kuchipatara. Mukadzi ane runako, angangoita makore makumi maviri nemaviri, aive achidanidzira, "Unzai muparidzi uya pano!" Aiva muKatorike, pakutenda.

Pandakakwira kumusoro, hanzvadzi yechikuru yakati, "Matononoka, Hama Branham. Afa anenge maminitsi mashanu apfuura."

Ndikati, "Ndinokwanisa kumuona here?"

Vakati, "Adanidzirira achikudai, mumashoko ake ekupedzisira, 'Unzai muparidzi uya, Hama Branham!'"

Murume wake aive aripo, achishevedzera, "Muisirei munamato! Isai munamato!"

Ndakati, "Hazvichisina basa zvino."

148 Ndakadzikisa chifukidzo zasi. Aive nemaziso makuru kwazvo ebhurauni. Mukadzi ane runako; tumavara tudiki kumeso kwake; bvudzi dzvuku; achiyevedza kwazvo. Akange atambura zvakanyanya kwazvo kusvikira mavara akabuda kunze kumeso kwake semapundu. Maziso ake aive abuditswa kunze kwemakomba awo, saizvozvo. Uye, chaizvoizvo, hura hwake neitsvo zvainge zvashanda, zviri mu—mu . . . Munhu wese anozviita pavanenge vari kufa, kunyanya. Zvino hapo paaive, akarara muchinhano chakadaro, muromo wake wakashama. Uye zvivharo zvake apa, zvakange zvavhara hafu yechikamu chebhurauni cheziso rake. Handimbofi ndakazvikanganwa. Rwiyo irworwo rwakauya mupfungwa dzangu.

Usachiva hupfumi hwenyika husina maturo.
(Runako, kushamisira.)

149 Ndakamira parutivi rwemumwe murume neche kuno chaiko kuPort Fulton, achifa. Vakandidaidza kurutivi rwemubhedha wake. Uye ndakanamata naye pano paartari humwe husiku. Akaisa ruoko rwake rwakambundira mumwe mukadzi. Ndikati, "Bvisa ruoko rwako kubva pamudzimai iyeye."

Akati, "Ndiri kumutungamira kuna Mwari."

150 Ndikati, "Kwete neruoko rwako rwuri paari." Handitende muzvinhu zvakadaro. Akandigumbukira. Akabuda zvine hasha pamusuwo.

Ndakaenda kwaari, papera chinguvana, paakanga ave kufa. Akanditarisa kumeso, ndokuti, "Musandinamatire, Hama Bill. Ndarasika. Ndaenda." Akati, "Zvese zvandakambowana, zvakaenda."

151 Ndakamira kunze kuno chaiko pakona, chinhambwe chidiki kubva pano, rimwe zuva, kune mumwe murume akandishevedza kurutivi rwemubhedha wake paainge ave kufa. Akati, "Ndaigara ndichida *zvakati-nezvakati*, nezvakati." Akati, "Asi handina kumbobvira ndashumira Ishe. Nguva zhinji ndakarega kuenda kuartari." Akati, "Hama Branham, namatai kuti Mwari vatendere mwanasikana wangu mudiki areverere pane zvinhu zvandakaita. Pamwe anogona kuitira Ishe chimwe chinhu."

152 Ndikati, "Izvozvo hazvigone kuitwa, hama. Zvinhu zvamungadai makaita zvakarasika." Hum!

153 Ndakamira pane mumwe murume, ndokumuona achirwisa madhimoni kwemaawa makumi maviri nemana. Akati madhimoni aive akamira parutivi rwemubhedha wake nengetani

dzakamoneredzwa muhuro mawo. Akati, "Musaatendera kuti anditore!" Achidanidzira; vakamubata pamubhedha. Akati, "Hapo parakamira. Hamusi kuriona here? Riri kundivinga." Akanga aramba Mwari, nguva yakanyanyisa kureba. Aive nematura makuru akazara nehuswa, akazara negorosi, aine mabhiza emujawo akanaka. Gore raive rapfuura zvisati zvaitika, akatuka Mwari kumeso kwaVo, akawatsura mukadzi wake nekuda kwekuenda kutabhanakeri. Munoziva zvakaitika? Mheni yakarova dura rake, ndokuuraya mabhiza ake, ikapisa huswa hwake. Zvino murume uyu akafa akabatwa neimwe mhando yemweya wakaipa, achirwisa madhimoni kubva paari.

154 Uye shamwari yangu yekare (kubwinya!) amire uko, akasvika kumagumo enzira. Ndakati, "Mava kuenda here, baba?"

Akati, "Ndizvozvo, Billy."

Ndikati, "Zviri sei?"

155 Akati, "Zvese zvakanaka." Akati, "Hunzai vana vangu kuno kudivi remubhedha." Akaisa maoko ake ekare asina simba pane mumwe nemumwe wevana vake akavaropafadza. Akaudza vanakomana vake vaviri, akati, "Turikai maoko angu mudenga, muasimudze, sezvakaitwa naJoshua naKarebi." Taisaziva zvaaida kuzotaura. Akati:

Zuva rekufara, zuva rekufara,
Kubvira Jesu akashambidza zvivi zvangu!
Akandidzidzisa kurindira nemanamatiro,
Nekurarama ndichifara mazuva ese.

Tine zvimwe zvezvinhu izvozvo zvatichauya kwazviri, shamwari! Hapana munhu asingashuviri kudya chikafu chakanaka, kutyaira mota yakanaka, tova nezvakanakisisa zvatinogona kuva nazvo. Handimupi mhosva. Zvakanaka. Mwari vanoda kuti uve nazvo, asi:

Usachive hupfumi hwenyika ino husina maturo,
Hunokasika kuparara,
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Hazvizofi zvakaparara!

Ngatisimudzei maoko edu zvino tichiimba.

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!
Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

156 Tichakamira, ngatitendeukei tikwazisane maoko nemumwe munhu zvino. Tichaenderera mberi, neshumiro, munguva pfupi. Asi ndinoda kuti mutendeuke tichiimba imwe ndima yerwiyo irworwo.

Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

Zviitei, baba! Zviitei, baba! Kuna Mwari! Zviite, wezera rekuyaruka! Zviitei, hama! Zviitei, hama!

Vakira tariro yako pazvinhu zveKusingaperi,
Bata ruwoko rwaMwari rwusingashanduki!

157 Hamusi kuVafarira here? Itai "Ameni!" [Ungano inoti, "Ameni!"—Mupepeti] Vose vanoVada, itai, "Ishe ngavarumbidzwe." ["Ishe ngavarumbidzwe!"] Vese vanotenda kuti muri kuenda kuGuta iroro rine mativi mana akaenzana, simudza ruoko rwako. (Mira, zvishoma, nerwiyo rwako.)

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka, (Rwunofamba sei zvino?)
Ishe ravakagadzirira Vavo Vomene;
Uko vose vakadzikinurwa vemazera ose
Vanoimba "Kubwinya!" vakakomberedza Chigaro Chichena chehumambo;
Dzimwe nguva ndinosuwa kumusha Kudenga,
Uye nekubwinya ini ikoko ndichaona:
Uchava mufaro wakadii, pandinoona Muponesi wangu,
MuGuta iroro rakaisvonaka rendarama.

Hamuzvifariri izvozvo here?

Ndakananga kuGuta iroro rakanaka,
Ishe wangu ravakagadzirira vaVo Vomene;
Uko vose vakadzikunurwa vemazera ose
Vachaimba "Kubwinya" vakakomberedza Chigaro Chichena chehumambo;
Oo, dzimwe nguva ndinosuwa kumusha Kudenga,
Uye nemifaro ini ikoko ndichaona:
Uchava mufaro wakadii, pandinoona Muponesi wangu,
MuGuta iroro rakaisvonaka rendarama.

MunoMuda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvino:

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino, musakanganwa mangwanani eSvondo inotevera, nine-thirty. Uye ipapo tichaedza, kana Ishe vachitendera,

tipedze nenguva, kuti tive nekunamatira vanorwara, Svondo inouya mangwanani nanine-thirty.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tozvambarara patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo Kudenga tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Chingoteererai pandima iyi:

PaZita raJesu tichigwadama,
SeNhowo kubva kumuteyo yose;
Kana miyedzo yaungana yakakumomotera,
Ingofema iroro Zita Dzvene mumunamato. (Rinozviita!)

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha) O rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino ndinoisa shumiro kumufundisi, Hama Neville, kuti vave nemazwi avo ekuvhara uye nechero chipi chavangade kutaura.

Chinangwa Chakapetwa Katanhatu
Chekushanya KwaGabrieri Kuna Dhanieri SHO61-0730E
(The Sixfold Purpose Of Gabriel's Visit To Daniel)
MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAVHIKI MAKUMI MANOMWE ADHANIERI

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Chikunguru 30, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org